O`ZBEKISTAN RESPUBLIKASI`

XALI`Q BILIMLENDIRIW MINISTIRLIGI

A`JINI'YAZ ATI'NDAG'I' NO'KIS MA'MLEKETLIK PEDAGOGIKALI'Q INSTITUTI'

Qol jazba huquqi'nda

MAGISTRATURA BO'LIMI

BASLAWI'SH TA'LIM METODIKASI' KAFEDRASI'

IBRAYMOVA MADINA SAYFULINOVNA

# Baslawi`sh klass matematika sabaqliqlari tekstlerinin leksikaliq statistikaliq analizi

5A111701-Baslawi`sh ta`lim

Magistr akademiyali'q bilim da`rejesin ali`w ushi`n arnalg'an

magistirlik dissertatciya

Ilimiy basshi`: f.i.d. prof.Ayi`mbetov.M.Q

No'kis-2014

**Mazmuni’**

**Kirisiw ……………………………………………………..**

**I-BAP Oqi’wshi’lar jaamatinin’ ta’biiy ha’m gumanitar pa’nlerdi o’zlestiriw o’zgeshelikleri…**……………………………………………..

1.0. Tayani’sh tusinikler……………………………………………

1.1. Lingvistikali’q ha’m matematikali’q belgiler…………………….

1.2. Matematikali’q belgilerde denotaciya qubli’si’……………….

1.3. Sabaqli’q penen oqi’wshilar arasi’ndag’i’ baylani’s kommunikaciyalari’…………………………………………………….

1.4. Baslawi’sh klass matematika sabaqli’qlarinin’ tekstlerindegi leksikali’q birlikler……………………………………………………..

1.5. Alfabitli jiyilik so’zlik………………………………………..

**II-BAP. Baslawi’sh klass matematika sabaqli’qlari’ tekstlerinin’ kvantitativlik tipologiyasi’………………………………………………..**

2.0. Tayani’sh tusinikler……………………………………………..

2.1. Birinshi klass matematika sabaqli’g’i’ tekstlerindegi leksikali’q belgiler ………………………………………………………

2.2. Siyrek gezlesetug’i’n leksikali’q belgiler………………….

2.3. So’z shaqaplari’ni’n’ qollani’w jiylikleri……………………..

2.4. Qaraqalpaq tili terminlerinin’ jasawi’ndag’i’ tiykarg’i’ prinspler….

2.5. Ana tilde tazalaw ma’seleleri haqqinda ……………………………

2.6. Birinshi klass matematika sabaqli’g’’nda matemarikali’q terminlerdin’ qollani’li’wi’……………………………………………

**III-BAP. Baslawi’sh klass matematika sabaqli’qlari’n jetilistiriw jollari’………………………………………………**

3.0. Tayani’sh tusinikler………………………………………..

3.1. Sabaqli’q tekstlerinde woqi’wshi’lar ta’repinen qabi’llanbag’an so’zler…………………………………………………….

3.2. Jas o’spirimlerdin’ leksikali’q birliklerdi qabi’l etiw mumkinshiliklerin jarati’w ma’seleleri…………………………………….

3.3. Jan’a a’wla’d sabaqliqlari’n jarati’w ma’seleleri……………….

3.4. Milliy da’stur ha’m bilimlendiriw haqqindag’i’ ni’zamni’n’ strukturali’q bag’darlari’ haqqi’nda…………………………………………

3.5. Jan’a oqi’w rejeleri haqqi’nda……………………………

**Juwmaqlaw……………………………………………………**

**A’debiyatlar…………………………………………………….**

# Kirisiw

## Jumistin’ uli’wma si’patlamasi’

**Mashqalani’n aktualli’g’i’ :**

Jan’a a’wla’d sabaqli’qlari’n jarati’w ha’m woni’n’ ha’zirgi zaman talaplari’na juwap beriw za’rurlikleri O’zbekistan ma’mleketinin’ siyasiy a’hmiyetindegi ma’selege aylandi’.

Baslawi’sh klass sabaqli’qlari’ndag’i’ tekstlerde ushi’rasatug’i’n so’zler jas o’spirimlerdi’n’ qabi’llaw mumkinshiliklerine kele me yamasa kelmey me degen sorawlardi’ aynen O’zbekistan Respublikasi’ prezidenti ta’repinen qoyi’lg’an. Haqi’yqati’nda da eger de mug’allim arqali’ woqi’wshilarg’a qarata ayti’lg’an so’z, jas o’spirimlerdi qabi’llaw mumkinshiligine sa’ykes kelse, wonda mug’allim menen woqi’wshi’ arasi’nda baylani’s kommunikaciyalari’ wornati’lg’an. Al mug’allim arqali’ yamasa sabaqli’qlardag’i’ tekstlerde ushi’rasatug’i’n so’z ha’m so’zformalari’ jas o’spirimlerdin’ qadi’llaw mumkinshiliklerine sa’ykes kelmese, wonda sabaqli’q penen woqi’wshi’ arasi’nda yamasa mug’allim menen woqi’wshi’ arasi’nda o’z-ara baylani’s kommunikaciyalari’ worinlanbaydi’. Na’tiyjede mug’allim ta’repinen woqi’wshi’larg’a qarata ayti’lg’an so’z yamasa so’zformalari’ baslawi’sh klass sabaqli’qlari’ndag’i’ tekstlerde ushi’rasatug’i’n leksikali’q birlikler woqi’wshi’lar ushi’n a’piwayi’ akustikali’q signal bolg’anli’g’i’ sebepli bala ta’repten qabi’llanbay o’tedi.

Usi’lardi’ esapqa alg’an jag’dayda, baslawi’sh bilimlendiriw sabaqli’qlari’ni’n’ tekstlerin izzertlew ha’m wolardi’n’ qaysi’ bir leksikali’q birlikleri woqi’wshilar ta’repinen qabi’l etiledi qaysi’lari qabi’l etilmeydi degen sorawlarg’a juwap beriwimiz za’rur.

**Izzertlew maqseti ha’m waziypalari**

Birinshiden ha’zirgi zaman kvantativlik – informaciyali’q metodlari’nan paydalana woti’ri’p, ha’rekettegi woqi’ti’li’p ati’rg’an birinshi klass matematika

sabaqlari’ndag’i’ tekstlerinde woqi’wshi’lar ta’repinen o’zlestirilmeytug’i’n ha’m qi’yi’n o’zlestiriletug’i’n so’zlerdi yamasa so’zformalardi ani’qlaw.

Ekinshiden, woqi’wshi’lardi’n’ qabi’l etiw mumkinshiliklerine i’layi’q so’zlerdi tabiq ha’m woni’ sabaqli’qti’n’ tekstlerine kiritiw;

Ushinshiden, sabaqli’qlardi’n’ tekstlerine jas o’spirimlerdi’n’ qabi’l etiw mumkinshiliklerine qaray woti’ri’p, woni’ jetilistiriw, izzertlewdin’ tiykarg’i’ maqseti ha’m wa’ziypalari’na kiredi.

**Izzertlewdin’ obekti ha’m predmeti.**

Bul jumi’sti’n’ izzertlew obekti si’pati’nda baslawi’sh klass matematika sabaqli’gi’ni’n’ tekstleri ali’nadi’.

**Izzertlewdin’ metodlari’ ha’m metodikasi’.**

Dissertaciyali’q jumi’s tiykari’nan alg’anda kvantitativlik metodlarg’a tiykarlani’p, a’melge asi’ri’ladi’.

Hazirgi baslawi’sh klaslarg’a arnalg’an matematika sabaqli’g’i’ni’n’ toli’q teksti ha’m bul tekst boyinsha du’zilgen alfabitli jiyijlik so’zligi izzertlewdin’ tiykarg’i’ materiyali’ boli’p tabi’ladi’.

**Izzertlewdi’n’ jan’ali’g’i’.**

Baslawi’sh klass matematika sabaqli’g’i’ni’n’ tekstleri boyi’nsha birinshi ma’rte kvantitativlik modeli duzildi ha’m wol ha’r ta’repleme analizlendi. A’lbette bul izzertlew kadrlardi tayarlawdi’n’ milliy da’sturge say sabaqli’qlar menen metodikali’q qurallardi’ qa’liplestiriw imka’niyatlari’n jaratadi’.

Soni’n’ menen birgelikte baslawi’sh klass matematika sabaqli’qlari’ndag’i’ tekstlerde ushi’rasatug’i’n leksikali’q birliklerdin’ woqi’shi’lar ta’repinen qabi’l etiw jag’daylari’ ani’qlandi’. Usi’g’an qaray sabali’qlardi’n tekstlerin jetilistiriw mumkinshilikleri jarati’ldi’.

**Izzertlew na’tiyjelerinin’ a’meliy a’hmiyeti ha’m qollani’li’wi’**

-ha’zirgi baslawi’sh klass matematika sabaqli’qlari’ni’n’ kvantitativ-leksikologiyasi’n uyreniwde;

-baslawi’sh klass matematika sabaqli’qlari’n kvantitativ tipologiyasi’n uyreniwde;

-baslawi’sh bilimlendiriw sabaqlari’n jetilistiriwde;

-baslawi’sh klaslarda matematika sabaqli’g’i’n woqi’ti’wdi’ jetilistiriw;

-bul metodlardi’ zamanagoy woqi’ti’w texnologiyada qollani’w si’yaqli’ a’hmiyetke iye.

**Dissertaciyani’n’ duzilisi ha’m qurami’.**

Dissertaciyani’n’ duzilisi tiykari’nan alg’anda jumi’sti’n’ uli’wma si’patlamasi’, ush bap ha’m qosi’mshadan ibarat.

**Wori’nlang’an jumi’sti’n’ tiykarg’i’ na’tiyjeleri.**

Wori’nlang’an jumi’sti’n’ tiykarg’i’ na’tiyjeleri to’mendegilerden ibarat:

-birinshiden, sabaqli’q penen woqi’wshi’ arasi’ndag’i’ baylani’s kommunikaciyalari’n ilimiy ko’z qarasta uyreniwde;

-ekinshiden, baslawi’sh klass matematika sabaqli’g’I’ni’n’ tekstlerin leksikali’q-kvantitativlik tipologiyasi’n analiyzleydi;

-ushinshiden, izzertlenip ati’rg’an sabaqli’qti’n’ kvantitativlik si’patlamasi’n sa’wlelendire ali’wi’;

-to’rtinshiden, baslawi’sh klass matematika sabaqli’g’i’ni’n’ alfabitlik-jiyilikli so’zligin duziwde;

-besishiden, matematika sabaqli’qlari’n jetilistiriw boyi’nsha konkret usi’ni’slardi’ beriw.

**Na’tiyje ha’m usi’ni’alardi’n’ qi’sqasha uli’wmalasti’ri’lg’an ko’rinisi.**

Xali’q bilimlendiriw sistemasi’na duniya juzlik texnologiyalari’ni’n’ song’i’ jetislenliklerin endiriw – usi’ kunnin’ tiykarg’i’ ha’m worayli’q ma’selelrinin’ biri boli’p esaplanadi’. A’lbette bunday turdegi texnologiyalardi’ baslawi’sh bilimlendiriwde baslanatug’i’nli’g’i’na hesh qanday guman tuwi’lmaydi’.

Qalaberse bunday sabaqli’qlardi’n’ tekstlerin jas o’spirimlerdin’ qabi’l etiw mumkinshiliklerin esapqa alg’an jag’dayda, basqi’shpa basqi’sh ko’terip bari’w jumi’slari’n a’melge asi’ri’wi’mi’z za’rur bolmaqta.

Sol sebepli baslawi’sh bilimlendiriw sabaqli’qlari’ni’n’ tekstlerin ha’zirgi zamanagoy woqi’ti’w texnologiyalari’na i’layi’q etip duziwimiz, qalaberse jan’a a’wla’d sabaqli’qlari’n jaratiwimiz ha’n woni’ jetilistirip bari’wi’mi’z ha’m usi’ kunnin’ a’hmiyetli ma’selelerinin’ biri boli’p qalmaqta.

# I-BAP

## Woqi'wshi'lar ja'ma'a'tinin' ta'biyiy ha'm gumanitar pa'nlerdi wo'zlestiriw wo'zgeshelikleri

### 1.0. Tayani'sh tu'sinikler.

Woqi'wshi'lar ja'ma'a'tinin' ta'biyiy ha'm jasalma tillerdin' baylani's kommunikaciyalari'ndag'i' qabi'l yetiwleri ha'm wolardi' wo'zlestiriliw ayri'qshali'qlari'na aydi'nli'q kiritiw pa'nlerdin' woqi'ti'w metodikasi'nda wori'n alg'an aktual mashqalalardi'n' biri boli'p qalmaqta.

Haqi'yqati'nda da bilimlendiriw turmi'si'nda wori'n alg'an bir topar woqi'wshi'lardi'n' ta'biyiy pa'nlerdi al yekinshileri bolsa gumanitar pa'nlerdi wo'zlestiriw da'rejesinin' joqari'li'gi menen aji'rali'p turatug'i'nli'qlari'n ko'remiz. Bizlerdin' da'slepki baqlaw ta'jiriybelerimizdin' juwmaqlari'na qarag'anda bunday tu'rdegi wo'zgeshelikler birinshi gezekte woqi'wshilardi'n' ta'biyiy ha'm jasalma tillerdi wo'zlestiriw wo'zgesheliklerine ti'g'iz baylani'sli' boladi'. Buni'n' tiykarg'i` sebebi joqari'dag'i' ati' atalg'an tillerdin' wo'zlestiriw ko'nlikpeleri ha'r woqi'wshi'da ha'r qi'yli' boli'p keledi. Basqasha so'z benen aytqanda wolardi'n' bul tillerdi wo'zlestiriw ko'nlikpelerinin' jag'daylari', wolardi'n' ta'biyiy jarati'li'slari' menen ti'g'i'z baylani'sli' boladi'.

### 1.1. Lingvistikali'q ha'm matematikali'q belgiler.

Yesletip wo'tpekshimiz ta'biyiy tiller qatari'na qaraqalpaq, qazaq, wo'zbek, ingliz, nemec ha'm de tag'i'da basqa tiller kiredi. Ha'zirgi ku'nde a'lemde ja'mi boli'p 6500 ta'biyiy tildin' barli'g'i' ani'qlang'an. Al jasalma tiller qatari'nda bolsa, matematikali'q til (matematikali'q an'latpalar, ten'likler ten'sizlikler ha'm de tag'i' da basqa ko'plegen belgiler kiredi). Fizikali'q formulalar, ximiyali'q reakciyalardi'n' an'latpalari' si'yaqli' belgiler sistemasi'n qurawshi'lari'da jasalma tiller qatari'nan wori'n alg'an boladi'.

Bunday tu'rdegi wo'zgesheliklerge qaramastan matematikali'q til de ta'biyiy tiller si'yaqli' belgiler sistemasi'n quraydi'. Bul til ta'biyiy tiller

si’yaqli’ wo’z-ara baylani’si’wshi’ kommunikativlik processlerdi a’melge asi’ri’w uqi’pli’qlari’na iye. Biraqta matematikali’q belgiler lingvistikali’q belgilerge qarag’anda to’mendegi wo’zgeshelikleri menen aji’rali’p turadi’:

- birinshiden, lingvistikali’q belgi tiykari’nan alg’anda wo’z ishine to’rt komponentti – atama, denotat, designat ha’m konnotatti’ aladi’. Al matematikali’q belgi bolsa tek g’ana yeki komponentti – atama ha’m designatti’ aladi’.
- yekinshiden, lingvistikali’q belgiler ko’p ma’nilikleri menen aji’rali’p turadi’. Al matematikali’q belgi bolsa bir konceptual ma’nilikke iye boladi’.
- u’shinshiden, matematikali’q obektlerdin’ abstraktli’li’q ayi’ri’qshali’qlari’na baylani’sli’ designat denotatqa qarag’anda basi’m boli’p keliwine baylani’sli’ wol denotatti’ ta’biyiy ra’wishte toli’g’i’ menen wo’z ishine ali’p, woni to’li’g’i’ menen saplasti’radi’.
- to’rtinshiden, matematikali’q belgilerde qosi’msha ma’ni beretug’i’n obrazlardi’n’ bolmawi’na baylani’sli’, wonda konnotatti’n’ bolmaytug’i’nli’g’i’ da tu’sinikli jag’day yekenligin an’g’ari’w qi’yi’n yemes (Piotrovskiy, Bektaev, Piotrovskaya, 1977, 5-6 b).

### 1.2. Matematikali’q belgilerde denotaciya qubi’li’si’.

Joqari’dag’i’ matematikali’q belgilerdin’ wo’zgesheliklerin bayan yeter yekenbiz, wonda bunday tu’rdegi sheklengenlik belgiler sistemasi’ referentler menen qalayi’nsha baylani’sa aladi’ degen sawaldi’n’ tuwi’li’wi’ da ta’biygi’y qubi’li’si’ yekenligi de ha’mmege de tu’sinikli jag’day si’pati’nda qarawg’a boladi’. Bul sawalg’a juwap beriw ushi’n lingvistikali’q belgi menen matematikali’q belgi arasi’ndag’i’ wo’zgesheliklerdi 6 sani’ menen alti’li’q so’zin wo’z-ara sali’sti’ri’p ko’reyik. Bul mi’salda 6 sani’ tek g’ana jalg’i’z designativlik ma’niske iye bolsa, al alti’li’q so’zi bir neshe ma’nislerdi wo’z ishine qanti’ytug’i’n leksikali’q birlik boli’p yesaplanadi’. Atap aytqanda “alti’ upay”, “alti’ adamnan ibarat komanda”, “alti’ upayg’a ten’ bolg’an karta” ha’m

t.b. alti’li’q so’zi tek ga’na designativlik ma’nige iye boli’p qalmastan, ba’lki denotativlik ha’m konnotativlik ma’nilerge de iye boladi’. Sebebi bul so’zde konkret alti’ adamni’n’ ati’n atap wo’tiw mu’mkinshiliklerine iye. Demek, wolardi’n’ atlari’ni’n’ atali’wi’ – denotatli’q ma’niske iye degendi an’latadi’. Bunnan basqa alti’li’q so’zi qosi’msha konnotativlik metaforiyali’q bahani’ da ali’wlari’ mu’mkin. Ma’selen, “alti’ go’zzal qi’z”. Demek, alti’li’q so’zi konnotatli’q ma’nisin de wo’z ishine alatug’i’nli’qlari’n an’law qi’yi’n yemes.

Bul wori’nda Ibrayi’m Yusupovti’n’ million a’sir, million zamanda atli’ to’mendegi qosi’q qatarlari’n keltireyik:

Million a’sir, million zamanda

Million juldi’z so’nsede ha’r kesh

Menin’ nurli’ gallaktikamda

Bir juldi’z bar so’niwdi bilmes

(I.Yusupov, 1978, 106-b).

Million sani’ a’sir zamanda, juldi’z so’zi menen kontekstte dizbeklesiw arqali’ denoticiya qubi’li’si’ ju’zege keli’wleri arqali’ konnotativlik obrazlardi’n’ do’retiwleri ko’rinedi.




1-su’wret. Lingvistikali’q belgilerge qatnasi’wshi’ komponentler.




2-su’wret. Matematikali’q belgilerge qatnasi’wshi’ komponentler.

Juwmaqlap aytqanda designativlik belgileniwshilerdi qabi’l yetiw ko’nlikpeleri joqari’ bolg’an woqi’wshi’larda ta’biyiy pa’nlerdi wo’zlestiriw u’lgeriwshilikleri joqari’ bolsa, al denotative ha’m konnatativ belgileniwhilerdi wo’zlestiriw ko’nlikpeleri joqari’ bolg’an woqi’wshi’larda gumanitar pa’nlerden u’lgeriwshilikleri joqari’ boladi’.

Woqi’wshi’lar ja’ma’a’tindegi usi’nday tu’rdegi wo’zgesheliklerdi yesapqa ali’p wolardi’ tiyiyli bag’darlar boyi’nsha ka’sip tan’lawlarda a’melge asi’ri’p bari’w usi’ ku’nnin’ a’hmiyetli wazi’ypalari’ni’n’ biri boli’p qalmaqta.

## 1.3. Sabaqli’q penen woqi’wshi’lar arasi’ndag’i’ baylani’s kommunikaciyalari’.

Wo’z-ara baylani’s kommunikaciyalari’ ta’biyiy ha’m jasalma tiller arqali’ a’melge asi’ri’ladi’. Du’nya ju’zindegi ha’mme tiller ta’biyiy tiller qatari’na kiredi. Ha’zirgi waqi’tta a’melde 6500tildin’ barli’g’i’ belgili boli’p oti’r. Matematikali’q, fizikali’q, ximiyali’q formulalar ha’m ha’r qi’yli’ programmalasti’ri’w tilleri – jasalma tiller qatari’na kiredi.

A’dette ta’biyiy yamasa jasalma tiller arqali’ mag’li’wmatlardi’ jetkiziwshi ha’m qabi’llawshi’ processlerge wo’z-ara baylani’s kommunikativlik processi – dep ataladi’.

Demek ba’rshe baylani’s kommunikaciyali’q baylani’slar ta’biyiy ha’m jasalma tiller ja’rdeminde asadi’ yeken. Wolay bolatug’I’n bolsa bunday tu’rdegi baylani’s kommunikaciyalardi’ pa’nlerdi woqi’ti’w metodikasi’nda qollani’w ha’m wolardi’n’ wo’xzgesheliklerin yesapqa alg’an jag’dayda woqi’w processindegi ba’rshe qubi’li’slardi’ u’yreniw ha’m zamanago’y woqi’ti’w texnologiyalari’n jetilistirip bari’wlari’mi’z maqsetke muwapi’q boli’p yesaplanadi’. Tek g’ana ta’biyiy ha’m jasalma tiller arqali’ g’ana wo’z-ara baylani’si’wshi’ process wornati’lmaydi’. Woni’n’ a’melge asi’wlari’ ushi’n to’mendegi komponentler qatnasi’wlari’ za’ru’r. Atap aytqanda

1. Mag’li’wmatlardi’ jetkiziwshi (bizlerdin’ jag’dayi’mi’zda bul jumi’sti’ mug’alli’m yamasa sabaqli’q atqaradi’).
2. Mag’li’wmatlardi’n’ adresati’ (bul jag’dayda adresat si’pati’ndag’i’ mag’li’wmatlardi’ qabi’llap woti’rg’an woqi’wshi’lar kiredi).
3. Baylani’s kanali’ (mug’allimnin’ so’zi woqi’wshi’larg’a hawa arqali’ akustikali’q tolqi’nlar ag’i’mi’ ja’rdeminde jetkeriledi).
4. Mag’li’wmatlarda ko’rsetilgen a’meldegi qanday da bir fakt (situaciya).
5. Mag’li’wmatlardi’n’ wo’zi yamasa tekst. Tekst – bul a’piwayi’ lingvistikali’q belgilerinin’ dizbekli tu’rde jaylasqan shi’nji’rlari’ arqali’ quramali’ sintaksislik-semantikali’q so’ylew belgilerin payda yetedi. Son’g’i’ belgilerdin’ shi’nji’rlari’ baylani’s kanallari’ arqali’ mug’allimnen woqi’wshi’g’a yamasa kerisinshe woqi’wshi’dan mug’allimge beriledi.
6. Baqlawshi’ (ma’selen mug’allimnin’ sabag’i’na, mektep direktori’ yamasa direktordi’n’ woqi’w isleri boyi’nsha wori’nbasari’ kirip, wo’tilip ati’rg’an sabaqti’n’ sapasi’ menen tani’sadi’. Bunday jag’dayda sabaqta woti’rg’an direktor yamasa direktordi’n’ woqi’w isleri boyi’nsha wori’nbasari’ – baqlawshi’ xi’zmetin atqaradi’).

Wo’z-ara baylani’s kommunikativlik procesinin’ iske asi’ri’li’wi’nda, da’slepki bes komponenttin’ qatnasi’wi’ sha’rt. Yegerde da’slepki bes komponenttin’ keminde birewi qatnaspay qalsa, wonday jag’dayda mug’allim menen woqi’wshi’ arasi’nda wo’z-ara baylani’s kommunikaciyalari’ u’ziliske tu’sedi. Basqasha til menen aytqanda mug’allim menen woqi’wshi’ arasi’nda wo’z-ara baylani’s kommunikaciyalari’ wori’nlanbay qaladi’. Na’tiyjede wo’tilip ati’rg’an sabaq u’zliske tu’sedi.

Yegerde alti’nshi’ komponent qatnaspay qalsa da woni’n’ mug’allim menen woqi’wshi’ arasi’ndag’i’ wo’z-ara baylani’s kommunikaciyalari’na ta’sirin jasamaydi’. Bul jag’dayda mug’allim menen woqi’wshi’ arasi’nda wo’z-ara baylani’s kommunikaciyalari’ dawam yete beredi.

Wo’z-ara baylani’s kommunikaciyali’q processindegi (Wo’ASKP) yen’ qi’yi’n ha’m quramali’ etapi’ boli’p, mag’li’wmatlardi’ qabi’llaw ha’m woni’ rasshifrovkalaw qubi’li’si’ boli’p yesaplanadi’. Bizlerdin’ jag’dayi’mi’zda wo’z-ara baylani’s kommunikaciyali’q processine qatnasi’p ati’rg’an alri’ komponenttin’ to’rtinshisi boli’p yesaplanadi’.

Yendi rus tilinen qaraqalpaq tiline kirgen rasshifrovkalaw so’zin sha’rtli tu’rde qupiyali’li’qti’ ashi’w – degen so’z dizbegi menen ha’zirshe qabi’l alayi’q. A’lbette bul qabi’l yetilgen awdarmami’zdi’ ja’miyetshilik qalay qabi’llaytug’i’nli’g’i’n waqi’tti’n’ wo’zi ko’rseter.

Mug’allim informaciyalardi’ inpuls signallari’ ja’rdeminde baylani’s kanali’na jiberedi. Bul jag’dayda baylani’s kanallari’ arqali’ mug’allimnin’ jibergen impulslerin woqi’wshi’ ciyali’li’q ashi’w arqali’ qabi’llaydi’. Woni’n’ ushi’n woqi’wshi’ bul signallardi’n’ impluslari’n qabi’l yetiwden aldi’n belgili bir derejedegi tayarli’qlarg’a iye boli’wi’ tiyis. Yeger de woqi’wshi’ mug’allimnin’ jibergen signallari’n qabi’llawdi’n’ ishki tayarli’g’I’na iye bolmasa wonday jag’dayda bul implusli’ signallar woqi’wshi’ni’n’ bir qulag’i’nan kirip, yekinshi qulag’i’nan shi’g’i’p woti’radi’.

Woqi'wshi' (adresat) implusli' signallardag'i' mag'li'wmatlardi'n' qupiyali'l'g'i'n ashi'w ushi'n, jatarli da'rejede lingvistikali'q tayarli'qlari'na iye boli'wi' tiyis.

Sonli'qtan da baslawi'sh klass sabaqli'qlari'ndag'i' tekstlerinde ushi'rasatug'i'n so'zlerdin' ma'nisin woqi'wshi' bile me yamasa bilmey me – degen sorawg'a juwap beriwimiz za'ru'r. A'lbette bul sorawg'a birden juwap beriwdin' wo'zi ju'da' ha'm mu'shkil yekenligi metodist – mug'allimlerge belgili. Bul sorawg'a juwapti' keyingi paragrofta qaraymi'z.

### 1.4. Baslawi'sh klass matematika sabaqli'qlari'ni'n' tekstlerindegi leksikali'q birlikler.

Ha'zirgi ku'nde baslawi'sh klass sabaqli'qlari'ni'n' tekstlerindegi leksikali'q birliklerdi u'yreniw ha'm woni' ani'qlaw pa'nlerdi woqi'ti'w metodikasi'na jan'ali'qlardi' yendiriw arqali' wolardi' mudani' jetilistirip bari'w a'hmiyetli ma'selelerdin' birine aylani'p woti'r. Buni'n' tiykarg'i' sebebi, bizler qaysi' bir pa'n bolmasi'n, sabaqli'qlardag'i' tekstlerde gezlesetug'i'n ha'r bir so'z yamasa so'z formalardi'n' woqi'ti'wshi'lar ta'repinen qabi'l yetiw da'rejelerin duri's an'lawi'mi'z za'ru'r. Yegerde bul jumi'slardi' a'melge asi'rmasaq jan'a a'wlad sabaqli'qlari'n jarati'wi'mi'z mu'mkin yemes yekenligi turmi'si'mi'zdi'n' wo'zi ko'rsetip woti'r.

Izertlewdin' a'lwan tu'rli usi'llari' ishinde statistikali'q usi'llar til biliminde paydalani'li'p ati'r. Woni' til biliminde ha'zirgi waqi'tta kvantitativlik usi'l – dep ataladi'.

Wolardi'n' izertlew obekti si'pati'nda ha'r qi'yli' janrlardag'i' tekstler bola, aladi'. Ha'zirgi ku'nde qaraqalpaq tilindegi publistikali'q, epos, poeziya, roman tekstlerinin' kvantativlik tipologiyali'q du'zilislerin ani'qlawg'a yerisildi. Bunday tu'rdegi du'zilislerdi ani'qlaw za'ru'rlikleri baslawi'sh klass sabaqli'qlari'nan tekstleri ushi'nda ta'n bolmaqta.

Geybir teoriyali'q ha'm a'meliy ma'selelerdi sheshiwde lingvistikali'q statistikani'n' atqaratug'i'n xi'zmeti u'lken. Atap aytqanda bizlerdin' seziw organlari'mi'z arqali' tikkeley baqlap bolmaytug'i'n tildin' jasi'ri'n

ni'zamli'qlari'n ani'qlawda, bir tilden yekinshi tilge kompyuter ja'rdeminde awdari'w jumi'slari'nda, tildi woqi'ti'wda tiyinlestiriw metodlari'n paydalani'wda ken' qollani'ladi'.

A'dette usi'ni'li'p woti'rg'an dissertaciyami'zdi'n' statistikali'q izertlewleri sabaqli'q tekstlerinin' jiyilik so'zliklerine su'yenip ali'p bari'ldi'. Bul so'zlikler a'dette baslawi'sh klass matematika sabaqli'g'i' tekstlerinin' kvantitativlik boli'p yesaplanadi'. Usi' modeldi u'yreniw arqali' metodistler sabaqli'q tekstlerinin' lingvo – statistikali'q konstrukciyali'q du'zilisin u'yreniw imkaniyatlari'na iye boladi'.

Solay yetip baslawi'sh klass matematika sabaqli'g'i'ni'n' tekstlerinin' kvantitativlik du'zilisi, alfabitli jiyilik so'zligi arqali' u'reniledi.

### 1.5. Alfavitli – jiyilik so'zlik.

Bul so'zlik jiyilik so'zliklerdin' bir tu'rli boli'p, izertlenip ati'rg'an tekstlerdegi ha'mme so'z qollani'li'slari' toli'g'i' menen wo'z ishine ali'nadi'. Tekstlerde ushi'rasqan ba'rshe so'z ha'm so'z formalar qatan' alfavit ta'rtibinde jaylasti'ri'lg'an boladi'. Bul so'z ha'm so'z formalardi'n' ha'r biri qaysi' so'z shaqabi'na tiyisliligi ha'm sa'ykes qollani'li'w jiyilikleri ko'rsetiledi. Alfavitli jiyilik so'zlikte ha'r bir so'z ha'm so'z formalari' qaysi' so'z shaqabi'na tiyisliligi arnawli' indeksler arqali' to'mendegi ko'riniste belgilenedi:

Ma'selen,

| | |
|---|---|
| antroponim | -2 |
| Atli'q | -3 |
| Almasi'q | -4 |
| Modal so'z | -5 |
| Kelbetlik | -6 |
| Feyil | -7 |
| Kelbetlik-feyil | -8 |
| Sanli'q | -A |
| Yeliklewish | -L |
| Tan'laq | -O |
| Ko'mekshi so'z | -Sh |

Ra’wish -Yu

Alfavitli jiyilik so’zlikler izertlenilip ati’rg’an tekstlerdegi ha’mme so’z qollani’li’slari’n wo’z ishine aladi’. Alfavitli – jiyilikli so’zliktin’ bunday tu’rdegi wo’zgesheligi a’lbette izertlenilip ati’rg’an teksttin’ kvantitativlik du’zilisin u’yreniwge toli’q mu’mkinshilik tuwdi’radi’. Bunday tu’rdegi so’zlik normativlik so’zlik yemes. Tekstler boyi’nsha material jiynalg’an izertlewshi qaysi’ bir so’z formalari’ tildin’ a’debiy normasi’ boladi’ yamasa so’zdin’ qalay jazi’lg’ani’ duri’s boladi’? – degen sorawlarg’a juwap bere almaydi’. Sebebi izertlenip ati’rg’an tekstlerdegi so’z benen woni’n’ formalari’ qalay jazi’lsa, so’zlikte solay beriledi. Ali’ng’an teksttegi so’zlerdin’ so’zlikke kirgizilmegen birde-bir so’z yamasa so’z formasi’ qalmay, toli’g’i’ menen derlik qamti’ladi’. Sonli’qtan da izertlenilip ati’rg’an tekstlerde jan’a so’z jasaw formalari’ menen geybir so’zlerdin’ jazi’li’wi’nda a’debiy normadan shetleniw si’yaqli’ qubi’li’slardi’n’ payda boli’wlari’ da so’zsiz.

Wolay bolatug’i’n bolsa, izertlewshiler ushi’n orfografiya tarawi’ boyi’nsha alfavitli jiyilikli so’zlikler boyi’nsha bahali’ materiallardi’ taba aladi’.

Solay yetip izertlenip ati’rg’an tekstlerdegi so’z yamasa so’z formalari’ alfavitli – jiyilikli so’zliklerde toli’g’i’ menen qamti’li’p, qatan’ saqlang’an alfavit ta’rtibi menen beriliwi menen bir qatarda wolardi’n’ qollani’li’w jiyilikleri ko’rsetiledi.

# II BAP

# Baslawi’sh klass matematika sabaqli’qlari’ tekstlerinin’ kvantitativ tipologiyasi’.

## 2.0. Tayani’sh tu’sinikler.

Izertlenilip ati’rg’an matematika sabaqli’qlari’ni’n’ tekstlerinde qollani’lg’an leksikali’q birlikler joqari’ jiyilikli, worta jiyilikli ha’m to’men jiyilikli boli’p, bir-birlerinen aji’raladi’. Bul wori’nda woqi’wshi’lar ja’ma’a’ti qaysi’ bir qatlamdag’i’ jaylasqan leksikali’q birliklerdi qalayi’nsha qabi’l yetedi ha’m wolardi’ wo’zlestiriletug’i’nli’qlari’ haqqi’ndag’i’ ma’selelerge aydi’nli’q kiritiw za’ru’r bolmaqta. Buni’n’ tiykarg’i’ sebebi, mine usi’nday

wo’zgesheliklerge qaray woti’ri’p, woqi’ti’w metodikalari’na aydi’nli’qlardi’ wo’z waqti’nda kiritiwimiz za’ru’r. mine usi’ ma’selelerge baylani’sli’ matematika sabaqli’qlari’ni’n’ tekstlerindegi leksikali’q birliklerdin’ kvantitativlik tipologyasi’n jarati’wi’mi’z lazi’m. Demek izertlenilip ati’rg’an baslawi’sh klass matematika sabaqli’g’i’ni’n’ tekstleri joqari’ jiyilikli, worta jiyilikli ha’m siyrek gezlesetug’i’n leksikali’q birlikler arqali’ du’zilgen. Bul sabaqli’qti’n’ kvantitativlik du’zilisin izertlew maqsetinde berilgen tekstler boyi’nsha alfavitli jiyilikli so’zligi du’zildi. Bul so’zlikte izertlenip ati’rg’an teksttin’ so’z formalari’ alfavit ta’rtibi menen berilgen so’z halda wolardi’n’ ha’r birinin’ qollani’li’wi’ jiyilikleri ko’rsetildi. Sonday-aq baslawi’sh klass matematika sabaqli’g’i’ boyi’nsha du’zilgen alfavitli – jiyilikli so’zlikte qollani’lmag’an ha’r bir so’z formasi’ qaysi’ so’z shaqabi’na tiyisli yekenligi arnawli’ belgiler menen an’lati’ladi’.

## 2.1. Birinshi klass matematika sabaqli’g’I’ tekstlerindegi leksikali’q birlikler.

Birinshi klass matematika sabaqli’g’i’ni’n’ tekstleri boyi’nsha du’zilgen alfavitli jiyilik so’zliginde 925 so’z formasi’ 3278 ma’rte qaytalang’an.

Demek bul sabaqli’q tekstlerinde ju’rgizilgen eksperimentel statistikali’q si’nawlar na’tiyjesinde 3278 so’z qollani’li’si’ni’n’ bar yekenligi ma’lim boldi’. Wolay bolsa, birinshi klass woqi’wshi’lari’ woqi’w ji’li’ dawami’nda 925 so’z formani’n’ leksikali’q ma’nisi menen a’lwan tu’rli grammatikali’q formalari’n wo’zlestiriwi tiyis yeken. A’lbette bul so’z formalardi’ birinshi klass woqi’wshi’lari’ izbe-iz tu’rde woqi’w ji’li’ dawami’nda sana sezimine sin’dirip baradi’. Woqi’wshi’lardi’n’ sabaqli’qlardag’i’ so’z ha’m so’z formalari’n qanday da’rejede wo’zlestiriw processin u’yreniw, yerten’gi ku’n ta’rtibindegi qaralatug’i’n ma’selelerdin’ biri boli’p yesaplanadi’. Wo’ytkeni bul ma’selelerdin’ sheshimine su’yenip, sabaqli’qlardi’n’ sapasi’n ko’teriwdin’ jollari’ izlenedi.

A'lbette ha'zirgi zaman talaplari'na juwap beretug'i'n sabaqli'qlardi' du'ziw-kadrlardi' tayarlawdi'n' milliy da'stu'rinin' tiykarg'i' talaplari'ni'n' biri yekenligin umi'tpawi'mi'z kerek.

## 2.2. Siyrek gezlesetug'I'n leksikali'q birlikler.

Siyrek gezlesetug'i'n leksikali'q birlikler si'pati'nda ha'r qaysi'si'ni'n' jiyiligi 1 ge yamasa 2 ge ten' bolg'an so'z yamasa so'z formalari'na aytami'z. Birinshi klass matematika sabaqli'g'i' tekstlerinin' jiyiligi 1 ge ten' bolg'an so'z formalari' 48,65% in qaplasa, al jiyiligi 2 ge ten' bolg'an so'z formalari'ni'n' qaplani'w da'rejesi 22,48% in quraydi' yeken. Bul sabaqli'qti'n' gezlesetug'i'n leksikali'q birliklerinin' qaplani'w da'rejesi bolsa 71,13% qurag'an.

Yekinshi klass matematika sabaqli'g'i'ni'n' tekstlerindegi siyrek gezlesetug'i'n leksikali'q birliklerge keletug'i'n bolsaq, wonda birinshi klass matematika sabaqli'g'i'ni'n' tekstlerine qarag'anda 8,8% kem ko'remiz.

U'shinshi klassta bolsa birinshi klassqa qarag'anda 8,29% kem, al to'rtinshi klassti'n' birinshi klassqa qarag'anda bolsa 26,13% kem qaplaytug'i'nli'qlari' ma'lim boli'p woti'r. Bul jag'dayda bizler birinshi klass matematika sabaqli'g'i'ni'n' tekstlerinen du'zilisinin' leksikali'q qatlami' joqari' yekenliklerin an'laymi'z.

Biraqta ju'rgizilgen ko'p sanli' ta'jiriybelerdin' juwmaqlari'na qarag'anda, woqi'wshi'lar ta'repinen qabi'l yetiw mu'mkinshilikleri sheklengen leksikali'q birlikler a'yne siyrek gezlesetug'i'n leksikali'q qatlamlarda jatatug'i'nli'qlari' ma'lim bolmaqta. Wolay bolatug'i'n bolsa birinshi klass matematika sabaqli'g'i'ni'n' tekstlerinde ushi'rasatug'i'n so'z ha'm so'z formalardi'n' woqi'wshi'lar ta'repinen qabi'l yetiw mu'mkinshilikler da'rejesin ani'qlap ali'w maqsetke muwapi'q boli'p yesaplanadi'.

Tablica №1

Birinshi klass matematika sabaqli’g’i’ni’n’ so’z formalari’ jiyiligi ha’m procenti

| Jiyiligi | Jiyilikke sa’ykes so’z forma | % |
|---|---|---|
| F-1 | 450 | 48.65 |
| F-2 | 208 | 22.48 |
| F-3-4 | 119 | 12.87 |
| F-5-9 | 87 | 9.41 |
| F-10 ha’m wonnan arti’q | 61 | 6.59 |
| Uli’wma | 925 | 100 |

Tablica №2

Yekinshi klass matematika sabaqli’g’i’ni’n’ so’z formalar jiyiligi ha’m procenti.

| Jiyiligi | Jiyilikke sa’ykes so’z forma | % |
|---|---|---|
| F-1 | 1072 | 46.5 |
| F-2 | 395 | 17 |
| F-3-4 | 355 | 15.13 |
| F-5-9 | 254 | 10.8 |
| F-10 ha’m wonnan arti’q | 247 | 10.5 |
| Uli’wma | 2323 | 100 |

Tablica №3

U'shinshi klass matematika sabaqli'g'i'ni'n' so'z formalar jiyiligi ha'm procenti.

| Jiyiligi | Jiyilikke sa'ykes so'z forma | % |
|---|---|---|
| F-1 | 1222 | 44.76 |
| F-2 | 493 | 18.05 |
| F-3-4 | 401 | 14.69 |
| F-5-9 | 305 | 11.17 |
| F-10 ha'm wonnan arti'q | 309 | 11.32 |
| Uli'wma | 2730 | 100 |

Tablica №4

U'shinshi klass matematika sabaqli'g'i'ni'n' so'z formalar jiyiligi ha'm procenti.

| Jiyiligi | Jiyilikke sa'ykes so'z forma | % |
|---|---|---|
| F-1 | 754 | 26 |
| F-2 | 550 | 19 |
| F-3-4 | 516 | 18 |
| F-5-9 | 399 | 14 |
| F-10 ha'm wonnan arti'q | 679 | 23 |
| Uli'wma | 2898 | 100 |

## 2.3. So’z shaqaplari’ni’n’ qollani’li’w jiyilikleri.

So’z shaqaplari’ni’n’ statistikasi’na keletug’I’n bolsaq, matematika sabaqli’qlari’ni’n’ tekstlerinde qollani’li’w jiyilikleri boyi’nsha birinshi wori’ndi’ atli’q iyeleydi. Wol birinshi klass matematika sabaqli’g’i’ni’n’ yari’mi’nan ko’bin yag’ni’y 51.13% in qaplaydi’. Yekinshi wori’ndi’ bolsa, feyil iyeleydi. Wol izertlenip woti’rg’an teksttin’ 21.83 % in qaplaydi’.

Wonnan keyin bolsa kelbetlik (6,70%), ra’wish (4,98%), adam atlari’ (4,87%), almasi’q (4,55%), sanli’q (3,45%), ko’mekshi so’z (0,06%), modal so’z (0,43%).

A’lbette bunday kvantitativlik ko’rinislerdi qaraqalpaq tilinin’ basqa da a’debiy janrlari’nda da bayqaladi’ (Ayi’mbetov, 1992, 32-33 b).

Birinshi klass matematika sabaqli’g’i’ni’n’ tekstlerinde so’z formalari’ni’n’ qollani’li’w jiyiligine qarata ali’ng’an mag’li’wmatlarg’a qarag’anda, to’mendegi kvantitativlik ko’rsetkishlerdin’ spektrin bayqaymi’z.

Atli’q (40,90%), feyil (22,94%), almasi’q (9,49%), sanli’q (5,91%), ko’mekshi so’z (5,68%), ra’wish (5,22%), kelbetlik (4,61%), modal so’z (2,93%), adama ati’ (2,32%).

Keltirilgen bul spektrde de birinshi wori’nda atli’q, yekinshisinde bolsa feyildin’ turg’anli’g’i’n bayqaymi’z. Demek so’z shaqaplari’ boyi’nsha wo’nimli paydalani’w da’rejesinin’ atli’q penen feyildin’ boli’w’i’ dunya ju’zlik tillerge ta’n bolg’an qubi’li’s yekenliginin’ gu’wasi’ bolami’z.

Bunday tu’rdegi so’z shaqaplari’ni’n’ qollani’li’w jiyilikleri boyi’nsha jaylasi’w jag’daylari’ 2,3,4 klass matematika sabaqli’qlari’nda da wori’n alg’anli’qlari’n koriwimiz mu’mkin (6,7,8-tablicalar).

Tablica №5

So’z shaqaplari’ni’n’ so’z formasi’ ha’m procenti

(Birinshi klass)

| So’z shaqaplari’ | So’z forma | % |
|---|---|---|
| Atli’q | 473 | 51.13 |
| Almasi’q | 42 | 4.55 |
| Feyil | 202 | 21.83 |
| Ra’wish | 46 | 4.98 |
| Kelbetlik | 62 | 6.70 |
| Ko’mekshi so’z | 19 | 2.06 |
| Modal so’z | 4 | 0.43 |
| Adam ati’ | 45 | 4.87 |
| Sanli’q | 32 | 3.45 |
| Uliwma | 925 | 100 |

Tablica №6

So’z shaqaplari’ni’n’ so’z formasi’ ha’m procenti

(Yekinshi klass)

| So’z shaqaplari’ | So’z forma | % |
|---|---|---|
| Atli’q | 1365 | 59 |
| Almasi’q | 77 | 3.28 |
| Feyil | 550 | 23.5 |
| Ra’wish | 80 | 3.4 |
| Kelbetlik | 76 | 3.24 |
| Ko’mekshi so’z | 31 | 1.3 |
| Modal so’z | 8 | 0.34 |
| Adam ati’ | 76 | 3.24 |
| Sanli’q | 60 | 2.5 |
| Uliwma | 2323 | 100 |

N=11189

Tablica №7

So’z shaqaplari’ni’n’ so’z formasi’ ha’m procenti

(U’shinshi klass)

| So’z shaqaplari’ | So’z forma | % |
|---|---|---|
| Atli’q | 1672 | 6125 |
| Almasi’q | 67 | 2.45 |
| Feyil | 435 | 15.93 |
| Ra’wish | 51 | 1.86 |
| Kelbetlik | 131 | 4.79 |
| Ko’mekshi so’z | 30 | 1.09 |
| Modal so’z | 10 | 0.37 |
| Adam ati’ | 33 | 1.21 |
| Sanli’q | 75 | 2.75 |
| Kelbetlik feyil | 226 | 8.3 |
| Uliwma | 2730 | 100 |

Tablica №8

So’z shaqaplari’ni’n’ so’z formasi’ ha’m procenti

(To’rtinshi klass)

| So’z shaqaplari’ | So’z forma | % |
|---|---|---|
| Adam ati’ | 148 | 5.1 |
| Atli’q | 1499 | 52 |
| Almasi’q | 108 | 3 |
| Modal so’z | 37 | 1.2 |
| Kelbetlik | 173 | 6 |
| Feyil | 467 | 16.1 |
| Kelbetlik feyil | 140 | 5.3 |
| Sanli’q | 93 | 3.2 |
| Ko’mekshi so’z | 145 | 5 |
| Ra’wish | 73 | 3 |
| Uli’wma | 2898 | 100 |

## 2.4. Qaraqalpaq tili terminlerinin’ jasali’wi’ndag’I’ tiykarg’I’ principler.

1. Morfologiyali’q usi’l. terminlerdin’ jasali’wi’na bul usi’l wo’nimli usi’llardi’n’ biri retinde qa’liplesken. Bul usi’lda qaraqalpaq yamasa internecional tu’bir so’zlerge so’z jasawshi’ affiksler qosi’li’p terminler jasaladi’. Ma’selen, bali’q, bali’qshi’, paxta, paxtakesh, paxtashi’li’q, kitap, kitapxana, kitapxanashi’, traktor, traktorshi’, frakciya, frakciyashi’, frakciyashi’li’q, parashyut, parashyutshi’. h.t.b.

2. Leksika semantikali’q usi’l. Bul usi’l arqali’ so’zlik quramdi’ buri’nnan bar so’zlerdi ken’eytiriw ha’m jan’alaw arqali’ terminler jasaladi’.

Ma’selen, bay so’z ilgeri ekspluatator yamasa yeziwshi si’pati’nda qollani’lsa, al ha’zirgi waqi’tta abat, go’zzalli’q ma’kan si’pati’nda da tilimizde paydalani’ladi’. Ma’selen, bay ma’kan.

3. Kalkalaw usi’li’. Bunda rus so’zlerin ha’m so’z quramlari’n kalkalaw arqali’ terminler jasaladi’. Pisatel-jazi’wshi’, bolnica-yemlewxana, rukopis-qol jazba, obyazatelstvo-minnetleme h.t.b.

4. Analitikali’q usi’l. Qaraqalpaq terminleri analitikali’q usi’llar ja’rdeminde de jasaladi’. Atap aytqanda yeki yamasa u’sh leksikali’q birliklerdin’ qosi’li’wi’ arqali’ terminler jasaladi’. Ma’selen, qasqaldaq, tu’yetawi’q, ko’lat, h.t.b.

5. Sintetikali’q usi’l. Bul usi’lda tiykari’nan bir neshe komponentlerdin’ ma’nilik jaqtan dizbeklesiwi arqali’ terminler jasaladi’. Bunday jag’dayda qospa terminlerdin’ jasali’wi’ ju’zege keledi. Ma’selen, bag’i’ni’qli’ ga’p, buri’ng’i’ wo’tken ma’ha’l, turaqli’ so’z dizbegi, quri’li’si’ cementinin’ yeritpesi, quwatli’li’q birligi, jol xi’zmeti, ideologiyali’q gu’res, medicinali’q ja’rdem.

6. A’debiy tildin’ rawajlani’wi’ arqali’ da terminler jasaladi’. Ma’selen, awaza, du’rishte, a’deyi. Bul terminler tiykari’nan alg’anda qaraqalpaq jazi’wshi’lari’ni’n’ shi’g’armalari’ arqali payda bolg’anю

7. Ekonomika ha’m ma’deniyat. Ilim, texnika ma’deniy baylani’slar arqali’ qaraqalpaq terminologiyasi’ wo’zinin’ wo’risin ken’eytirip baradi. Ma’selen, stol, parta, awditoriya, kafedra, director h.t.b.

Sonday-aq qaraqalpaq tilinin’ so’zlik qurami’na kirgen internacional terminler: ximiya, fizika, matematika h.t.b.

Respublikada milliy mekteplerdin’ ashi’li’wi’na baylani’sli’ terminlerdi ta’rtiplestiriw, wolardi’ belgili bir sistemag’a keltiriw za’ru’rligi worayli’q ma’sele si’pati’nda qaralg’an. Buni’n’ tiykarg’i’ sebebi, milliy tilde sabaqli’qlardi’ du’ziw ha’m woni’ baspadan shi’g’ari’w za’ru’rligi menen baylani’sli’ bolg’an. Yen’ da’slepki russha-qaraqalpaqsha so’zlik 1934-ji’li’ Q,Ayi’mbetov ta’repinen “Qi’zi’l Qaraqalpaqstan” gazetasi’nda beriledi.

So’zlikke 4000 nan aslam terminler kirgizilgen. Bul terminlerdi du’ziw ha’m woni’ ta’rtiplestiriw boyi’nsha islengen birinshi jumi’s boldi’.

Sonday-aq xali’q-xojali’g’i’ni’n’ tu’rli tarawlari’ boyi’nsha russha-qaraqalpaqsha terminologiyali’q so’zlikler du’ziledi. Atap aytqanda 1939-ji’li’ O. Bo’leshov, A. Kaneevlar ta’repinen “Matematikali’q terminlerdin’ russha-qaraqalpaqsha so’zligi”, S. Bulatov ta’repinen “Fizika boyi’nsha terminlerdin’ russha-qaraqalpaqsha so’zligi” du’zilip, wo’z-aldi’na kitap boli’p basi’p shi’g’ari’ldi. Al, 1941-ji’li’ bolsa Baltabaev ta’repinen botanika terminleri boyi’nsha, Kaneev ta’repinen zologiya boyi’nsha so’zlikler du’zildi. 1954-ji’li’ I.T.Sagitov ta’repinen social-ekonomikali’q terminler boyi’nsha russha-qaraqalpaqsha terminler duzilip baspadan shi’g’adi’.

Joqari’dag’i’ ati’ atalg’an so’zlikler ilimnin’ ha’m xali’q bilimlendiriw sistemasi’ni’n’ talaplari’na toli’q juwap bermegenligi menen wolar wo’z da’wirinde ha’m ha’zirgi da’wirlerde qaraqalpaq tilinin’ rawajlani’wi’ joli’nda wo’z ta’sirin ko’rsetti.

50-ji’llardan baslap qaraqalpaqsha-russha so’zliklerdi du’ziw jumi’slari’ qolg’a ali’nadi’. 1958-ji’li’ N.A. Baskakov, S. Nasirov ha’m K.Ubaydullaevalardi’n’ avtorli’g’i’nda qaraqalpaqsha-russha so’zligi basi’p shi’g’ari’ldi’. Bul kitapti’n’ qosi’msha bo’liminde “Qaraqalpaq tilinin’ lingvistikali’q terminologiyasi’” atamasi’ndag’i’ ilimiy izertlew maqalasi’ berilgen.

90-ji’lg’a deyin Qaraqalpaq leksikalogiyasi’nda 20 dan aslam terminologiyali’q so’zlikler shi’g’ari’ldi’. Qaraqalpaq tili boyi’nsh aterminologiyli’q so’zliklerdi sha’rti tu’rde u’sh tu’rge bo’lse boladi’.

Birinshi tu’r. Bul tu’rdegi so’zliklerdi rus terminine sa’ykes ra’wishte qaraqalpaq termininin’ ekvivalenti menen almasti’ri’ldi’. Bug’an mi’sal si’pati’nda 1988-ji’li’ A Umarov ha’m A. Bekbergenov ta’repinen “Kratkiy russko-karakalpakskiy slovar voennix terminov” degen at penen basi’p shi’g’ari’lg’an so’zlikti mi’sal yetip ko’rsetsek boladi’. Ma’selen, Kotrmanevr qarsi’ manevr, kontr nastuplenie-qarsi’ hu’jim, kontrol-qadag’alaw.

Yekinshi tu’r. bul tu’rdegi russha qaraqalpaqsha so’zlikler to’mendegi ko’rinislerde beriledi. Russha termin qaraqalpaqshag’a awdari’lg’an tu’rde yamasa si’patlaw formasi’nda beriledi. Bug’an mi’sal si’pati’nda Wo’teniyazov, A’. Jumabaeblar avtorli’g’I’nda 1987-ji’li’ shi’qqan russko karakalpakskiy-slovar ximisheskix terminov so’zligin atap wo’tsek boladi’.

Ma’selen, delenie yadro – yadroli’q bo’liniw denoturaciya belkov – beloklardi’n’ denoturaciyasi’, molekulalar quri’li’si’ni’n’ buzi’li’wi’ na’tiyjesinde belok zatlardi’n’ ta’biyiy qasiyetlerin jog’alti’wi’.

U’shinshi tur. Bunday tu’rdegi so’zliklerge qaraqalpaqsha – russha so’zliklerdi mi’sal yetip ko’rsetiwge boladi’. Bunday tu’rdegi so’zliklerge qaraqalpaqsha terminlerdin’ russha ekvivalentleri beriledi. Ma’selen, Q. Pirniyazovti’n’ avtorli’g’I’nda “Lingvistikali’q terminlerdin’ qaraqalpaqsha-russha so’zligi” nen minaday misallardi’ keltiriwge boladi’.

Awdarma so’zlik – perevodnoy slovar

Awi’zeki so’ylew tili – razgovornaya rech

Awi’si’w da’regi – istochnik zaimstvovaniya

Biriktiriwshi da’nekerler – sochinitelni’e soyuzi

Ka’rimxojaev “Qaraqalpaq tilindegi diyxanshi’li’q terminlerdi u’yreniwdin’ ma’selelerdi” (Toshkent, 1970), Q.Pirniyaiyazov “Qaraqalpaq lingvistikali’q terminologiyasi’ni’n’ qa’liplesiwi ha’m rawajlani’wi’” (Almata, 1981), Q. Allanazarov “Qaraqalpaq tilindegi a’debiyattani’w terminleri” (Tashkent, 1986), Sh. Allaniyazova “Qaraqalpaq tilindegi qol wo’neri terminleri” (Tashkent, 1981), degen temalarda kandidatli’q dissertaciyalar jaqlandi’. Wolar dissertaciya jumi’slari’ni’n’ temalari’na baylani’sli’ bir neshe maqalalar jazi’p, baspaso’z betlerinde ja’ryaladi’.

Ha’zirgi waqi’tta qaraqalpaq tilinin’ terminologiyasi’ni’n’ basli’ ma’seleri si’pati’nda terminlerdi unifikaciya ha’m ta’rtiplestiriw ma’seleleri boli’p yesaplanadi’. A’sirese, bul ma’seleler ilimiy – texnikali’q terminologiyasi’nda wo’z sheshimin ku’tip turg’an worayli’q ma’selelerdin’ biri boli’p tur.

## 2.5. Ana tildi tazalaw ma'seleleri haqqi'nda

Bizler ja'ha'ndegi qanday tillerdi u'yrensek te, wol tek adamlar arasi'ndag'i' kommunikaciyali'q qari'm-qatnas qurali' boli'p g'ana qoymastan, adamni'n' woyi'n turmi'sqa asi'ri'wshi' qurali' boli'p ta tabi'ladi'.

Ha'zirgi waqi'tta tilge bolg'an ja'miyetshiliktin' qi'zi'g'i'wshi'li'g'i' ku'nnen-ku'nge arti'p barmaqta. Bunday qi'zi'g'i'wshi'li'qti'n' tiykarg'i' sebebi, birinshiden ha'zirgi da'wirde mashqalasi' ja'miyettegi worayli'q ma'selelerdin' biri bolsa, al yekinshiden til informaciyalardi' qabi'llawshi' ha'm jetkiziwshi yen' bir ku'shli qurali'na aylang'an. Sonli'qtan da til ma'selesi menen tek g'ana tilshiler shug'i'llani'p g'ana qoymastan, tarawi'ni'n' basqa wa'killeri de, atap aytqanda matematikler, kibernetikler, programmistler aralasi'p woti'r.

Qaraqalpaq tili de basqa tu'rkiy tiller si'yaqli' rawajlandi'. A'sirese woni'n' leksikali'q wo'risi basqa indoevropali'q ha'm tu'rkiy tillerden kirip kelgen terminler yesabi'nan sezilerlik da'rejede bayi'di'. Bul terminler qaraqalpaq tiline kirip, ko'pshiligi turaqli' tu'rde worni'g'i'p, tildin' kommunikativlik funkciyalari'n a'melge asi'ri'p woti'r.

Qaraqalpaq tilinin' leksikali'q wo'risinin' ken'eyiwi ha'm bayi'wi' menen bir qatarda, til ni'zamli'qlari'ni'n' rawajlani'wi'na bolg'an unamsi'z jag'daylar gezlesti. Atap aytqanda ana tilimizdin' menshikli terminleri hesh qanday za'ru'rlik bolmasa jasalma tu'rde leksikali'q qatlami'nan shi'g'ari'li'p, wolar basqa rawajlang'an respublikalardi'n' milliy tillerindegi terminler menen almasti'r'li'p bari'ldi'. Soni'n' sebebinen tilimizdegi ko'plegen terminlerdi jog'alti'p aldi'q.

A'lbette bul qubi'li's baslawi'sh bilimlendiriw sabaqlari'n du'ziwde de wo'zinin' keri ta'sirin tiygizdi. Sebebi bir qatar indo ropa yamasa qon'si'las tu'rkiy tillerdin' terminleri bul sabaqli'qlardi'n' tekstlerine kirip ketiw jag'daylari' bayqaldi'. A'lbette bul jag'day, baslawi'sh bilimlendiriw woqi'wshi'lari'ni'n' sabaqli'qlarda ushi'rasqan bir qatar temalardi' wo'zlestiriw

arasi'nda qi'yi'nshi'li'qlardi' payda yetti. Sol sebepli jazi'wshi'lar ushi'n "Tu'siniksiz so'zler" toplami' ju'zege keldi.

A'dette wo'z gezeginde baslawi'sh bilimlendiriw sabaqlari'na kilgen "Tu'siniksiz so'zler", metodikani' jetilistiriw jumi'slari'nda da jan'a mashqalalardi' tuwdi'ri'p berdi. Bunday mashqalalar qaraqalpaq tili ha'm matematika sabaqli'qlari'nda wori'n alg'an.

Ha'zirgi waqi'tta tilshi – metodistlerimizdin' aldi'nda qaraqalpaq tilin tazalaw ma'selesine ken' wori'n berildi. Ana tilimizdi tazalaw jumi'slari'na respublika ja'miyetshiligi qatnasi'p, biraz jumi'slar islendi.

Atap aytqanda Qaraqalpaqstan respublikasi' Joqarg'i' Ken'esinin' sessiyasi'nda til haqqi'ndag'i' ni'zam qabi'l yetildi. Soni'n' menen birgelikte respublika aymag'i'ndag'i' da'slepki ma'kan atamalari' qayta tiklendi, sabaqli'qlardi'n' sapasi' jetilistirildi, ha'r qi'yli' tu'rdegi so'zlikler du'zildi ha'm ja'miyetshilikke usi'ni'ldi'. Degen menen sabaqli'qlardi'n' tilin u'yrenbey ha'm wolardi'n' so'zliklerin du'ziw jumi'slari'n iske I'rmay turi'p, ana tilimizdi tazalaw ha'm woqi'ti'w metodikasi'n jetilistiriw jumi'slari'n a'melge asi'ri'w mu'mkin yemesligin, turmi's ta'jiriybeleri ko'rsetti.

### 2.6. Birinshi klass matematika sabaqli'g'I'nda matematikali'q terminlerdin' qollani'li'wi'.

Matematika terminleri boyi'nsha ali'p bari'lg'an jumi'slar wo'tken a'sirdin' woti'zi'nshi' ji'llari'nan baslap qolg'a ali'ndi'. Atap aytqanda 1937-ji'li' Bulesheov ha'm Qa'niev avtorli'g'I'nda birinshi ma'rte matematika terminlerinin' russha-qaraqalpaqsha so'zligi jari'q ko'rdi. (Buleshov 1937) A'lbette bul so'zliktin' jari'q ko'riwi, mektep sabaqli'qlari'n qaraqalpaq tilinde baspadan shi'g'ari'wda u'lken a'hmiyetke iye yedi. Atap aytqanda qaraqalpaq mekteplerinde matematika pa'ni boyi'nsha bahali' woqi'w metodikali'q qollanbasi' xi'zmetin atqardi'. Degen menen matematika terminlerin jetilistiriw, woni' ta'rtipke sali'w, qaraqalpaq tilinin' ishki mu'mkinshiliklerinen paydalani'w jumi'slari' talap da'rejesinde bolmadi'. Ma'selen bul so'zlik shi'qqannan keyin aradan 55 ji'l wo'tkennen keyin g'ana matematika

terminlerinin’ russha-qaraqalpaqsha so’zligi “Bilim” baspasi’ ta’repinen basi’p shi’g’ari’ldi’ (Bektaev, Nasirov, Ayi’mbetov, 1992). Jan’a tiptegi shi’g’ari’lg’an matematika terminlerin russha-qaraqalpaqsha so’zligi 20 mi’n’g’a jaqi’n terminlerdi wo’z ishine qamti’di’. Yag’ni’y bul jag’dayda russha a’debiyatlar menen islesiw jumi’si’ni’n’ bari’si’nda matematiklerdin’ talaplari’n qanaatlandi’rdi’. Ha’zirgi ku’nde birinshi klass matematika sabaqli’g’I’ndag’I’ tekstlerinde ja’mi 53 matematikali’q termin paydalanadi’. Ko’rip turg’ani’mi’zday bul jastag’I’ jas wo’spirimler ushi’n u’yreniw talap yetiletug’I’n ug’I’mlar wog’I’ri’ joqari’ da’rejede ken’ligin ko’remiz. A’lbette balalar baqshasi’nda da’slepki matematikali’q ug’I’mlardi’ wo’zlestirmegenler ushi’n birinshi klassta bilim ali’w wonsha an’sat bolmaytug’I’nli’g’I’n keltirilgen 53 matematikali’q terminler arqali’ ko’z aldi’mi’zg’a keltiriw qi’yi’n yemes. Degen menen birinshi klass matematika sabaqli’g’I’ni’n’ ko’pshilik bo’legi qaraqalpaq tilinin’ ishki mu’mkinshiliklerinen wo’nimli paydalani’lg’an. Sabaqli’q tekstlerinde 75,47% i ana tilimizdin’ ishki mu’mkinshiliklerin wo’z ishine alatug’I’nli’g’I’ ani’qlandi’. Ma’selen, do’n’gelek, shama, u’shmu’yeshlik, ko’pmu’yeshlik, san tuwri’ si’zi’q, kesindi, to’rtmu’yeshlik, besmu’yeshlik h.t.b.

A’lbette ana tilimizdin’ ishki mu’mkinshiliklerinen wo’nimli paydalani’w, matematikani’ woqi’ti’wda ulken ja’rdem beredi. Bunnan basqa jas wo’spirimlerdin’ bul pa’ndi tez ha’m sapali’ wo’zlestiriwinde wo’zinin’ unamli’ ta’sirin jasaydi’. Soni’n’ menen birlikte birinshi klass matematika sabaqli’g’I’nda internacional terminler de paydalani’ladi’. Atap aytqanda kvadrat, santimetr, kiligramm, massa, litr, decimeter, variant, metr, forma, nomer h.t.b.

Bul sabaqli’qtag’i’ tekstlerde internacional matematikali’q terminler 24,53% in g’ana quraydi’.

Tablica №9

Birinshi klass matematika sabaqli’g’i’ndag’i’ qollani’lg’an matematikali’q terminler

| Internacional terminler | Ishki mu’mkinshiliklerden du’zilgen terminler |
|---|---|
| Kvadrat | Do’n’gelek |
| Santimetr | Shamalar |
| Kilogram | U’sh mu’yeshlik |
| Massa | Ko’p mu’yeshlik |
| Litr | Biyik |
| Decimeter | Pa’s |
| Variant | San |
| Figura | Sonsha |
| Cifr | Sonshelli |
| Metr | Jup |
| Forma | Arti’q |
| Nomer | Ko’p |
| | Kem |
| | Qosi’q |
| | Ali’w |
| | Tuwri’ si’zi’q |
| | Iymek si’zi’q |
| | Kesindi |

| | |
|---|---|
| | Qosi’li’wshi’lar |
| | Qosi’ndi’ |
| | Ko’beydi |
| | Kemeydi |
| | Artti’ |
| | Neshe |
| | Azayi’wshi’ |
| | Ayi’rma |
| | Wonli’q |
| ` | Birlik |
| | Si’ni’q si’zi’q |
| | Kesindiler |
| | To’rt mu’yeshlik |
| | Uzi’nli’g’I’ |
| | Bes mu’yeshlik |
| | Kestesi |
| | Tuwri’ mu’yeshli |
| | Ti’yi’n |
| | Tan’ba |
| | Qansha |
| | Kishi |
| | U’lken |

## III BAP

## Baslawi’sh klass matematika sabaqli’qlari’n jetilistiriw jollari’

### 3.0. Tayani’sh tu’sinikler.

Dissertaciyani’n’ birinshi babi’nda sabaqli’q penen woqi’wshi’lar arasi’ndag’I’ baylani’s kommunikaciyasi’ haqqi’nda so’z ju’ritken yedik. Bunda wo’z-ara baylani’s kommunikaciyali’q procesindegi yen’ qi’yi’n ha’m quramali’ basqi’shi’ boli’p, kelgen mag’li’wmatlardi’ qabi’llaw ha’m woni’ rasshifrovkalaw (bizin’ jag’dayi’mi’zda qupi’yali’li’qti’ ashi’w) qubi’li’si’ boli’p yesaplanadi’. Yag’ni’y bul processke qatnasi’p ati’rg’an to’rtinshi komponent boli’p yesaplanadi’. Haqi’yqati’nda da to’rtinshi komponent ju’da’ ha’m quramali’ yekenligin ekspiremental jumi’slari’mi’zdi’n’ na’tiyjeleri tasti’yi’qladi’. Sebebi, izertlenip ati’rg’an sabaqli’qti’n’ tekstlerinde ushi’rasatug’I’n ayi’ri’m so’z ha’m so’z formalardi’n’ woqi’wshi’lar ta’repinen qabi’l yetilmegenliginin’ gu’wasi’ boldi’q. Wolay bolsa, sabaqli’q ha’m woqi’wshi’ arasi’ndag’I’ baylani’s kommunikaciyalari’na 4-komponenttin’ toli’q iske qosi’lmag’anli’g’I’ni’n’ belgisi si’pati’nda qarawg’a boladi’.

Bul bapta sabaqli’q tekstleri boyi’nsha ushi’rasatug’I’n ayi’ri’m so’z ha’m so’z formalardi’n’ woqi’wshi’lar ta’repinen qabi’llanbaytug’I’n procesler boyi’nsha eksperimental jumi’slardi’n’ na’tiyjelerine qaray ha’r ta’repleme sholi’w jasaladi’.

### 3.1. Sabaqli’q tekstlerinde woqi’wshi’lar ta’repinen qabi’llanbag’an so’zler.

Birinshi klass matematika sabaqli’g’I’ boyi’nsha ju’rgizilgen tekstlerinen eksperimentel jumi’lari’ni’n’ na’tiyjesi boyi’nsha to’mendegi leksikali’q birlikler woqi’wshi’lar ta’repinen qabi’l yetilmedi:

Duwden, targ’I’l, wo’jire, gu’n’girt, akaciya, ko’zgenek, sebet, muqaba, murabba. Bul so’zler ha’r qi’yli’ formada tekstlerde ushi’rasi’p, balalardi’n’ tiyisli materiyaldi’ tu’sinip ali’w qi’yi’nshi’li’qlari’n payda yeti. Sol sebepli sabaqli’q tekstlerin du’zerden aldi’n birinshi klasslarg’a I’layi’q so’zlerdin’

qori’n toplaw maqsetke I’layi’q boli’p yesaplanadi’. Bul ma’sele tek g’ana birinshi klasslar ushi’n g’ana yemes ba’lki yekinshi, u’shinshi, to’rtinshi klasslardi’n’ so’zlik qori’n du’ziw ha’m bular boyi’nsha ha’r klassqa I’layi’q tekstlerdi du’ziw za’ru’r.

A’lbette bunday jumi’slardi’n’ a’melge asi’ri’li’wi’ na’tiyjesinde, baslawi’sh bilimlendiriw pa’nlerinin’ woqi’ti’w metodikasi’ a’dewir da’rejede jen’illestiredi.

Yendi birinshi klass matematika sabaqli’g’I’ni’n’ tekstlerinde ushi’rasqan tu’siniksiz so’z ha’m so’z formalari’ menen tani’sayi’q.

Mi’sal – 4

Ma’selelerdi sheshin’:

1) Du’wdenge 6 kepter, wonnan 3 ke arti’q shi’mshi’q ushi’p keldi. Neshe shi’mshi’q ushi’p kelgen?

(94-bet)

Mi’sal – 3

2) Suwda 6 targ’I’l ha’m 4 aq u’yrek ju’zip ju’rgen yedi. Biraz waqi’ttan keyin 8 u’yrek qurg’aqqa shi’qti’. Suwda neshe u’yrek qaldi’?

| Ju’zip ju’ripti | Shi’qti’ | Qaldi’ |
|---|---|---|
| 6 targ’I’l<br>4 aq u’yrek | 8 u’yrek | ? |

(113 bet)

3) Kempir apam 6 tu’te gu’ngirt qi’zi’l jip ha’m 4 tu’te sari’ jip sati’p aldi’. Wolar taqi’ya tigiw ushi’n 3 tu’te jipti sari’pladi’. Kempir apamda neshe jip qaldi’?

10 3

(6+4)-3=7 (t) (6-3)+4=7 (t)

(6+4)-3=7 (t)

Ma’seleni sheshiwdin’ ha’r bir usi’li’n tu’sindirin’. Ma’seleni usi’ usi’llardi’n’ biri menen a’meller boyi’nsha sheshin’.

(130-131 bet)

Mi’sal – 3

Woqi’n’ ha’m yesaplan’:

1) 16 sani’nan 14 ha’m 4 sanli’ sanlari’ni’n’ ayi’rmasi’n ali’n’:

16 - (14 - 4)

2) 8 sani’nan 3 ha’m 7 sanlari’ni’n’ qosi’ndi’si’n qosi’n’:

8 + (3 + 7)

3) Kempir apam 6 tu’te qon’I’r qi’zi’l jip ha’m 4 tu’te sari’ jip sati’p aldi’. Wolar taqi’ya ushi’n 3 tu’te jipti sari’pladi’. Kempir apamda neshe jip qaldi’?

Bul ma’seleni u’sh usi’l menen sheshiw mu’mkin:

10 3

(6+4)-3=7 (t) (6-3)+4=7 (t)

10

(6+4)- 3=7 (t)

Ma’seleni sheshiwdin’ ha’r bir ushi’li’n tu’sindirin’. Ma’seleni usi’ usi’llardi’n’ biri menen a’meller boyi’nsha sheshin’.

(130-131 bet)

Mi’sal – 8

Ko’zgeneklerge jetispeytug’I’n sanlardi’ qoyi’n’, bunda qatarlar, bag’analar ha’m dioganallar boyi’nsha qosqanda birdey sanlar shi’qsi’n.

| | | |
|---|---|---|
| 4 | | 1 |
| | 4 | |
| | | 4 |

| | | |
|---|---|---|
| 2 | | 3 |
| | 3 | |
| 3 | | |

(141 bet)

Mi'sal – 5

Barli'q geshir neshe kilogram?

Sebet penen shelekte 10 kg 20 kg

Qansha bolsa, sonsha geshir.

(143 bet)

Mi'sal – 5

Barli'q geshir neshe kilogram?

Yashik penen shelekte 10 kg 20 kg

Qansha bolsa, sonsha geshir.

(143 bet)

Mi'sal – 6

Muqaba ustaxanasi'nda 2 albom tayarlandi'.

(152 bet)

Mi'sal – 6

Qap ustaxanasi'nda 2 albom tayarlandi'.

(152 bet)

Mi'sal – 2

Bir u'yde 10 wo'jire u'yde 4 ke arti'q wo'jire bar.

(153 bet)

Mi’sal – 9

| Bar yedi | Jumsaldi’ | Qaldi’ |
|---|---|---|
| 30 kg | Murabbag’a – 11kg<br>Kompotqa – 3kg | ? |

(174 bet)

Ko’rip turg’ani’mi’zday birinshi klass matematika sabaqli’g’I’ tekstlerinde gezlesetug’I’n du’wdende, targ’I’l, wo’zjire, gu’n’girt, akaciya, ko’zgenek, sebet, muqaba, murabba so’zlerin woqi’wshi’lar to’men da’rejede wo’zlestirgen. A’lbette bul jag’day birinshiden matematikani’ woqi’ti’w metodikasi’nda u’lken qi’yi’nshi’li’qlar di’ tuwdi’rsa, al yekinshiden bul pa’ndi wo’zlestiriw bari’si’nda u’lgeriwshiliktin’ to’menlewine ali’p keledi. Sonli’qtan da birinshi klass matematika sabaqli’g’I’ndag’I’ woqi’wshi’alar ta’repinen qi’yi’n wo’zlestiriletug’I’n so’zlerdi ali’p taslaw yamasa wolardi’ qa’liplestiriwge qolayli’ bolg’an so’zler menen almasti’ri’w za’ru’rligi tuwi’ladi’.

### 3.2. Jas wo’spirimlerdin’ leksikali’q birliklerdi qabi’l yetiw mu’mkinshiliklerin jarati’w ma’seleleri.

Woqi’wshi’larg’a qabi’l yetiw mu’mkinshiliklerine iye bolg’an leksikali’q birliklerdi duri’s tallaw ushi’n birinshi gezekte wolarda eksperimentel maydani’n jarati’wi’mi’z ha’m qolayli’ boli’p tabilg’an so’z ha’ so’zformalardi’ si’nawda wo’tketiwimiz za’ru’r. yegerde wolardi’n na’tiyjeleri joqarg’I’ ko’rsetkishlerdi berse, wonda bunday tu’rdegi leksikali’q birliklerdi biyma’lel sabaqli’qlardi’n’ tekstlerine kirite bersen’ boladi’.

Ko’pshilik jag’daylarda balalardi’n’ tu’siniwi qi’yi’n bolg’an so’zlerdi, teketler boyi’nsh du’zilgen alfavitli jiyilikli so’liktin’ siyrek gezlesetug’I’n qatlamlardan izlew maqsetke muwapi’q boladi’. Nege degende bunday so’zlerdin’ ko’pshiligi tekstlerdin’ siyrek gezlesetug’I’n qatallari’nda jaylasadi’.

Uli’wma aytqanda alfavitli jiyilik so’zliktegi ba’rshe jiyilik siyrek gezlesetug’I’n leksikali’q birliklerdi ta’jiriybe si’naw maydani’nan wo’tkeriw maqsetke I’layi’q boli’p yesaplanadi’.

Ta’jiriybe si’naw maydani’ si’pati’nda No’kis qalasi’ndag’I’ N17, N22 ha’m N33 mekteplerinin’ birinshi qaraqalpaq klasslari’nda si’nawdan wo’tti. Ju’rgizilgen eksperimentler juwmag’I’nda to’mendegi na’tiyjeler ali’ndi’.

- Du’ydende so’zin u’sh mekteptin’ woqi’wshi’lari’ derlik toli’g’I’ menen wo’zlestire almadi’;
- Targ’I’l – N17 mekteptin’ birinshi klass woqi’wshi’lari’ 61,5 %, N22 mekteptin’ woqi’wshi’lar 0%, N33 mekteptin’ woqi’wshi’lari’ da 0% ko’rsetkishti berdi;
- Wo’jire – N17 mektep 11,5%, N22 mektep 16,6%, N33 mektep 0%;
- Gu’ngirt – N17 mektep 0%, N22 mektep 0%, N33 mektep 0%;
- Akaciya – N17 mektep 0%, N22 mektep 0%, N33 mekteptin’ woqi’wshi’kari bolsa 6,6% mug’dari’nda wo’zlestirgen;
- Ko’zgenek – N17 mektep 65,3%, N22 mektep 50%, N33 mektep 0%;
- Sebet – N17 mektepti’n’ woqi’wshi’lari’ 65,3%, N22 mektepti’n’ woqi’wshi’lari’ 22,2%, N33 mektep woqi’wshi’lari’ bolsa 33,3% wo’zlestirgen;
- Muqaba – N17 mektepti’n’ woqi’wshi’lari’ 0%, N22 mektepti’n’ woqi’wshi’lari’ 0%, N33 mektep woqi’wshi’lari’ da 0% ko’rsetkishti berdi;

Birinshi klass matematika sabaqli’g’I’nda ushi’rasqan tu’siniksiz so’zlerdi wog’an ekvivalent so’zler menen almasti’ri’w na’tiyjesindeju’rgizilgen eksperimentler juwmag’I’nda to’mendegi na’tiyjeler ali’ndi’.

Tabaqqa so’z formasi’n N33 Q.Saypov mektebini’n’ 1 “a” klass woqi’wshi’lari’ 78,5% wo’zlestirdi, N17 sanli’ mekteptin’ 1 “b” klassi’ 48%, N22 sanli’ mekteptin’ 1 “a” klass woqi’wshi’lari’ 100% qabi’l yetti.

Qara so’zin N33 mekteptin’ woqi’wshi’lari’ 92,8%, N17 mektep ,
N22 mekltepwoqi’wshi’lari’ 100% wo’zlestirdi.

Bo’lmede so’z formasi’n bolsa №33 sanli’ mektreptin’ birinbshi klass woqi’wshi’lari’ 85,7%, №17 mektep 76%, №22 mektep 92% qabi’l yeti.

Qon’I’r so’zin №33 mektep 92,8%, №17 mektep 68%, №22 mekteptin’ birinshi klass woqi’wshi’lari’ 100% wo’zlestirdi.

Aq terektin’ so’z formasi’n №33 mekteptin’ birinshi klass woqi’wshi’lari’ni’n’ qabi’l yetiw da’rejesi 92,8%, №17 mektep woqi’wshi’lari’ni’n’ bolsa 68%, №22 sanli’ mekteptin’ birinshi klass woqi’wshi’lari’ni’n’ qabi’l yetiw da’rejesi bolsa 100% di’ quradi’.

Tablica №10

№17 sanli' worta mektebinde ju'rgizilgen eksperimental jumi'slar

| q/s | Mektep | 1-klass | Woqi'w-shi'lar sani | Pa'n woqi'ti'wshi'si' | So'z ha'm so'z forma | Wo'zles tirgenler sani' | % | Wo'zlestir megenler sani' | % |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 | №17 sanli' worta mektep | 1-g | 26 | F.Tilewbaeva | Du'wdenge | - | 0 | 26 | 100 |
| 2 | ------------//--------------- | --//-- | ---//--- | -------//-------- | Targ'I'l | 16 | 61.5 | 10 | 38.4 |
| 3 | ------------//--------------- | --//-- | ---//--- | -------//-------- | Wo'jirede | 3 | 11.5 | 23 | 88.4 |
| 4 | ------------//--------------- | --//-- | ---//--- | -------//-------- | Gu'n'girt | - | 0 | 26 | 100 |
| 5 | ------------//--------------- | --//-- | ---//--- | -------//-------- | Akaciyani'n' | - | 0 | 26 | 100 |
| 6 | ------------//--------------- | --//-- | ---//--- | -------//-------- | Ko'zgeneklerge | 17 | 65.3 | 9 | 34.6 |
| 7 | ------------//--------------- | --//-- | ---//--- | -------//-------- | Sebet | 17 | 65.3 | 9 | 34.6 |
| 8 | ------------//--------------- | --//-- | ---//--- | -------//-------- | Muqaba | - | 0 | 26 | 100 |
| 9 | ------------//--------------- | --//-- | ---//--- | -------//-------- | Murabbag'a | 1 | 3.8 | 25 | 96.1 |
| | | | | Eksperimenttin' ju'rgizilgen waqti' 20-may 2003 | | | | | |

Tablica №11

№22 sanli' worta mektebinde ju'rgizilgen eksperimental jumi'slar

| q/s | Mektep | 1-klass | Woqi'w-shi'lar sani | Pa'n woqi'ti'wshi'si' | So'z ha'm so'z forma | Wo'zles tirgenler sani' | % | Wo'zlestir megenler sani' | % |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 | №22 sanli' worta mektep | 1-a | 18 | LA. Kulekeeva | Du'wdenge | 3 | 16.6 | 15 | 83.3 |
| 2 | ------------//--------------- | --//-- | ---//--- | -------//-------- | Targ'I'l | - | 0 | 18 | 100 |
| 3 | ------------//--------------- | --//-- | ---//--- | -------//-------- | Wo'jirede | 3 | 16.6 | 15 | 83.3 |
| 4 | ------------//--------------- | --//-- | ---//--- | -------//-------- | Gu'n'girt | - | 0 | 18 | 100 |
| 5 | ------------//--------------- | --//-- | ---//--- | -------//-------- | Akaciyani'n' | - | 0 | 18 | 100 |
| 6 | ------------//--------------- | --//-- | ---//--- | -------//-------- | Ko'zgeneklerge | 9 | 50 | 9 | 50 |
| 7 | ------------//--------------- | --//-- | ---//--- | -------//-------- | Sebet | 4 | 22.2 | 14 | 77.7 |
| 8 | ------------//--------------- | --//-- | ---//--- | -------//-------- | Muqaba | - | 0 | 1 | 100 |
| 9 | ------------//--------------- | --//-- | ---//--- | -------//-------- | Murabbag'a | - | 0 | 18 | 100 |
| | | | | Eksperimenttin' ju'rgizilgen waqti' 20-may 2003 | | | | | |

Tablica №12

№33 Q.Saypov mektebinde ju’rgizilgen eksperimental jumi’slar

| q/s | Mektep | 1-klass | Woqi’w-shi’lar sani | Pa’n woqi’ti’wshi’si’ | So’z ha’m so’z forma | Wo’zles tirgenler sani’ | % | Wo’zlestir megenler sani’ | % |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 | №33 sanli’ worta mektep | 1-a | 15 | R.To’reeva | Du’wdenge | - | 0 | 15 | 100 |
| 2 | ------------//--------------- | --//-- | ---//--- | -------//-------- | Targ’I’l | - | 0 | 15 | 100 |
| 3 | ------------//--------------- | --//-- | ---//--- | -------//-------- | Wo’jirede | - | 0 | 15 | 100 |
| 4 | ------------//--------------- | --//-- | ---//--- | -------//-------- | Gu’n’girt | - | 0 | 15 | 100 |
| 5 | ------------//--------------- | --//-- | ---//--- | -------//-------- | Akaciyani’n’ | 1- | 6.6 | 14 | 93.3 |
| 6 | ------------//--------------- | --//-- | ---//--- | -------//-------- | Ko’zgeneklerge | 5 | 0 | 15 | 100 |
| 7 | ------------//--------------- | --//-- | ---//--- | -------//-------- | Sebet | - | 33.3 | 10 | 66.6 |
| 8 | ------------//--------------- | --//-- | ---//--- | -------//-------- | Muqaba | 3 | 0 | 15 | 100 |
| 9 | ------------//--------------- | --//-- | ---//--- | -------//-------- | Murabbag’a | | 20 | 12 | 80 |
| | | | | Eksperimenttin’ ju’rgizilgen waqti’ 20-may 2003 | | | | | |

Bos wori’nlarg’a – №33 mekteptin’ birinshi klass woqi’wshi’lari’ 92,8%, №17 sanli’ wortw mektep 64%, al №22 sanli’q worta mekteptin’ birinshi klass woqi’wshi’lari’ 88% i tu’siniw imkaniyati’na iye boldi’

Yashik atli’q so’zin №33 mekteptin’ woqiwshilari’ 100%, №17 mekteptin’ woqi’wshi’lari’ 100%, al №22 sanli’ worta mekteptin’ birinshi klass woqi’wshi’lari’ bolsa 96% i berilgen informaciyani’ qabi’l yetiw imkaniyatlari’na iye boldi’.

Balalarg’a so’z formasi’n bolsa №33, №17 ha’m №22 mekteptin’ ba’rshe birinshi klass woqi’wshi’lari’ toli’g’I’ menen tu’sindi.

Tablica №13

Birinshi klass matematika sabaqli'g'I'nda ushi'rasqan tu'siniksiz so'zlerdi ekvivalent so'zler menen almasti'ri'w na'tiyjesinde ju'rgizilgen eksperiment jumi'slari'ni'n' na'tiyjesi

| q/s | Mektep | 1-klass | Woqi'w-shi'lar sani | Pa'n woqi'ti'wshi'si' | So'z ha'm so'z forma | Wo'zles tirgenler sani' | % | Wo'zlestir megenler sani' | % |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 | №33 Q. Saypov | 1-a | 14 | R.To'reeva | Tabaqqa | 11 | 78.5 | 3 | 21.4 |
| 2 | ------------//--------------- | --//-- | ---//--- | -------//-------- | Qara | 13 | 92.8 | 1 | 7.1 |
| 3 | ------------//--------------- | --//-- | ---//--- | -------//-------- | Bo'lmede | 12 | 85.7 | 2 | 14.2 |
| 4 | ------------//--------------- | --//-- | ---//--- | -------//-------- | Qon'I'r | 13 | 92.8 | 1 | 7.1 |
| 5 | ------------//--------------- | --//-- | ---//--- | -------//-------- | Aq terektin' | 13 | 92.8 | 1 | 7.1 |
| 6 | ------------//--------------- | --//-- | ---//--- | -------//-------- | Bos wori'nlarg'a | 13 | 92.8 | 1 | 7.1 |
| 7 | ------------//--------------- | --//-- | ---//--- | -------//-------- | Yashik | 14 | 100 | - | 0 |
| 8 | ------------//--------------- | --//-- | ---//--- | -------//-------- | Qap | 14 | 100 | - | 0 |
| 9 | ------------//--------------- | --//-- | ---//--- | -------//-------- | Balalarg'a | 14 | 100 | - | 0 |
| | | | | Eksperimenttin' ju'rgizilgen waqti' 20-may 2003 | | | | | |

Tablica №14

Birinshi klass matematika sabaqli'g'I'nda ushi'rasqan tu'siniksiz so'zlerdi ekvivalent so'zler menen almasti'ri'w na'tiyjesinde ju'rgizilgen eksperiment jumi'slari'ni'n' na'tiyjesi

| q/s | Mektep | 1-klass | Woqi'w-shi'lar sani | Pa'n woqi'ti'wshi'si' | So'z ha'm so'z forma | Wo'zles tirgenler sani' | % | Wo'zlestir megenler sani' | % |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 | №17 sanli' worta mektep | 1-g | 25 | A. Tilewbaeva | Tabaqqa | 12 | 48 | 13 | 52 |
| 2 | ------------//--------------- | --//-- | ---//--- | -------//-------- | Qara | 15 | 60 | 10 | 40 |
| 3 | ------------//--------------- | --//-- | ---//--- | -------//-------- | Bo'lmede | 19 | 76 | 6 | 24 |
| 4 | ------------//--------------- | --//-- | ---//--- | -------//-------- | Qon'I'r | 17 | 68 | 8 | 32 |
| 5 | ------------//--------------- | --//-- | ---//--- | -------//-------- | Aq terektin' | 17 | 68 | 8 | 32 |
| 6 | ------------//--------------- | --//-- | ---//--- | -------//-------- | Bos wori'nlarg'a | 16 | 64 | 9 | 36 |
| 7 | ------------//--------------- | --//-- | ---//--- | -------//-------- | Yashik | 25 | 100 | - | 0 |
| 8 | ------------//--------------- | --//-- | ---//--- | -------//-------- | Qap | 15 | 60 | 10 | 40 |
| 9 | ------------//--------------- | --//-- | ---//--- | -------//-------- | Balalarg'a | 25 | 100 | - | 0 |
| | | | | Eksperimenttin' ju'rgizilgen waqti' 20-may 2003 | | | | | |

Tablica №15

Birinshi klass matematika sabaqli’g’I’nda ushi’rasqan tu’siniksiz so’zlerdi ekvivalent so’zler menen almasti’ri’w na’tiyjesinde ju’rgizilgen eksperiment jumi’slari’ni’n’ na’tiyjesi

| q/s | Mektep | 1-klass | Woqi’w-shi’lar sani | Pa’n woqi’ti’wshi’si’ | So’z ha’m so’z forma | Wo’zles tirgenler sani’ | % | Wo’zlestir megenler sani’ | % |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 | №22 sanli’ worta mektep | 1-a | 25 | L. Kulekeeva | Tabaqqa | 25 | 100 | - | 0 |
| 2 | ------------//--------------- | --//-- | ---//--- | -------//-------- | Qara | 25 | 100 | - | 0 |
| 3 | ------------//--------------- | --//-- | ---//--- | -------//-------- | Bo’lmede | 23 | 92 | 2 | 8 |
| 4 | ------------//--------------- | --//-- | ---//--- | -------//-------- | Qon’I’r | 25 | 100 | - | 0 |
| 5 | ------------//--------------- | --//-- | ---//--- | -------//-------- | Aq terektin’ | 25 | 100 | - | 0 |
| 6 | ------------//--------------- | --//-- | ---//--- | -------//-------- | Bos wori’nlarg’a | 22 | 88 | 3 | 12 |
| 7 | ------------//--------------- | --//-- | ---//--- | -------//-------- | Yashik | 24 | 96 | 1 | 4 |
| 8 | ------------//--------------- | --//-- | ---//--- | -------//-------- | Qap | 25 | 100 | - | 0 |
| 9 | ------------//--------------- | --//-- | ---//--- | -------//-------- | Balalarg’a | 25 | 100 | - | 0 |
| | | | | Eksperimenttin’ ju’rgizilgen waqti’ 20-may 2003 | | | | | |

**Jan’a a’wlad sabaqli’qlari’n jarati’w ma’seleleri**

O’zbekstan respublikasi’ prezidenti Islam Karimovti’n’ O’zbekstan respublikasi’ Oliy ma’jilisinin’ IX sessiyasi’ndag’I’ bayanati’nda mektep tarawi’nda “Bilimlendiriw haqqi’ndag’I’” ni’zamni’n’ qabi’l yetilgenligi haqqi’ndag’I’ rasmiy tu’rdegi ma’limlemeni bildiredi. Bul bayanatta 1996-1997 woqi’w ji’li’nan baslap, mekteplerdegi birinshi klasinan baslap woqi’w jan’a a’lipbe boyi’nsha ali’p bari’latug’I’nli’g’I’n atap ko’rsetti. Jan’a a’lipbe boyi’nsha bag’darlama, woqi’w qollanba ha’m sabaqli’qlardi’n’ jarati’lg’anli’g’I’n ko’rsetiw menen bir qatarda, usi’ waqi’tqa deyin baslawi’sh bilimlendiriwge pa’s na’zer menen qarati’lg’anli’g’I’n da ko’rsetip wo’tedi. Prezident buni’n’ da’liyli si’pati’nda buri’ng’I’ CCCP da derli ba’rshe pedagogikali’q texnikumlar ha’m ushilishelerdin’jarati’lg’anli’li’g’I’n, wolar tiykari’nan alg’anda I-IV klass woqi’wshi’lari’n woqi’tatug’I’n mug’allimlerdi tayarlaytug’I’n yedi dep ko’rsetedi.

Biraq, balani’n’ du’nya qarasi’, didi, bilim da’rejesi qa’liplesetug’I’n baslawi’sh klasslarg’a yen’ jetik, yen’ ta’jiriybeli ta’rbiyalawshi’lardi’ bekitip qoyi’wdi’n’ za’ru’rligi ha’mme de tu’sinikli boli’w kerek. (I.Karimov, 1999, 26-27 b).

Sonday-aq Islam Karimov baslawi’sh bilimlendiriw jasi’ndag’I’ balalardi’n’ miyi, an’I’ nelerdi wo’zine sin’ire aladi, neni qabi’l yete almaydi’? degen a’hmiyetli ma’selelerdi wortag’a qoyadi’.

A’lbette bul ma’seleler yelege deyin ilimiy ta’repten izertlenbegen. So’zimizdin’ da’liyli si’pati’nda mi’naday mag’li’wmatlardi’ keltireyik.

Indo – evropa tilinde so’yleytug’I’n jas wo’spirimlerdin’ birinshi klassqa deyin to’rt mi’n’ so’zdi wo’zlestirip u’lgertug’I’nli’g’I’ ma’lim bolg’an. A’lbette bul mag’li’wmatti’n’ wo’zi bati’s evropa ma’mleketlerindegi mektepke shekemgi jas wo’spirimlerdin’ tilin u’yreniw boyi’nsha u’lken eksperimentel jumi’slardi’n’ ken’ front boyi’nsha ali’p bari’li’p ati’rg’anli’qlari’nan da’lalat beredi.

Sonday-aq prezident Islam Karimovti'n' O'zbekstan respublikasi' Oliy Majilisi IX-sessiyasi'nda aytqan mi'na qatarlardi' keltireyik.

- “Balalari'mi'z qashannan baslap, qanday qi'li'p, qanday usi'lda ha'm metodta milliy qa'diryatlari'mi'z, urip-a'detlerimizdi u'yretiwimiz, shuqur an'lati'wi'mi'z kerek?

Tilekke qarsi', bul haqqi'nda hesh kim bas qati'rmay ati'r. Bul ma'seleler boyi'nsha shug'I'llani'wi' za'ru'r bolg'an arnawli' institute ha'm woraylari'mi'z jetkilikli. Na'tiyje sonday ha'zirgi ku'ndegi uli'wma bilimlendiriw processindegi u'sh basqi'shtan hesh qaysi'si'nda wo'zine jarasa talapti'n' joq yekenliginin' gu'wasi' bolami'z. basqasha so'z benen aytqanda, ha'r qanday woqi'w basqi'shi'na ani'q talaplar standart da'rejesinde ra'smiylestirilmegen.

Sog'an qaray woti'ri'p, woqi'w processi mazmunli' woqi'ti'latug'I'n sabaqlar sani' 20 g'a jetedi. Biraq woqi'w rejelerinde jaslarg'a a'dep ha'm abat, social, ekonomikali'q, huqi'qi'y bilimler tiykari'n u'yretetug'I'n pa'nler jeterli wori'n almag'an. Ha'zirgi bar pa'nlerdin' du'zilisi bolsa, buri'ng'I' go'ne hali'nda g'ana qali'p woti'r. Bul wo'z gezeginde g'a'rezsizlik ha'm bazar ekonomikasi' sharayati'nda ju'zege kelgen ma'mleket ha'm milliy za'ru'rligimizdi qandi'ri'wg'a tosqi'nli'q jasamaqta”. (Karimov, 1998, 5-8 bet).

Sonday-aq bul bayanatta prezidentimiz sabaqli'qlardi'n' ha'zirgi jag'dayi' haqqi'ndag'I' ma'selelerge wo'z pikirlerin ayri'qsha ko'rsetip wo'tedi.

Atap aytqanda sabaqli'qlar jo'ninde to'mendegi pikirlerdi wortag'a qoyadi'. “Ha'mmemizge belgili bilimlendiriw sabaqli'qtan baslanadi'. Ashshi' haqi'yqatli'q bolsa da mi'na na'rseni ta'n ali'wg'a ma'jbu'rmiz: derlik ba'rshe tarawdag'I' sabaqli'qlari'mi'zdi'n' ahwali' bu'gingi ha'm yerten'gi ku'n talaplari' da'rejesinde yemes.

Yeski qa'lipte totalitar da'wirde jazi'lg'an sabaqli'qlarda berilgen yeski ideologiyadan quti'lmay turi'p, balalari'mi'zdi' jan'asha pikirlewge u'yrete almaymi'z. Bul na'rseni ha'mmemiz tu'sinip ali'wi'mi'z za'ru'r.

Ali'mlar arasi'nda sabaqli'qlar jazi'wg'a to'menirek bir ilimiy is si'pati'nda qaraw si'yaqli' a'detler wori'n alg'an. Nege bunday? Bunday psixologiya qaeyden payda bolg'an. Sabaqli'qlarda millet pikirinin', millet woylaw processinin' ha'm millet ideologiyasi'ni'n' yen' aldi'n'g'I' u'lgileri sa'wleleniwi kerek yemes pe?

Ha'r bir taraw boyi'nsha sabaqli'qti' sol pa'nnin' ataqli' wa'killeri jazbay ma? Bizler sabaqli'qti' jarati'wg'a yen' aldi'ng'I' ha'm yen' abroyli' wazi'ypa si'pati'nda qarawi'mi'z, jaqsi' sabaqli'q jaratqan adamlardi' basi'mi'zg'a ko'teriwimiz kerek" – dep atap wo'tedi.

## 3.4. Milliy da'stu'r ha'm bilimlendiriw haqqi'ndag'I' ni'zamni'n' strategiyali'q bag'darlari' haqqi'nda

"Bilimlendiriw haqqi'nda"g'I' ni'zam ha'm "Kadrlardi' tayarlawdi'n' milliy da'stu'ri" bag'dari'ndag'I' ma'mleketlik bilimlendiriw standartlari' islep shi'g'I'ldi'. Bunda birinshi gezekte O'zbekstan respublikasi' Wa'zirler kabinetinin' 1998-ji'l 5-yanvar 5-sanli' "u'zliksiz bilimlendiriw sistemasi' ushi'n ma'mleketlik standartlardi' islep shi'g'I'w ha'm woni' turmi'sqa asi'ri'w haqqi'nda"g'I' ha'm sol ji'ldi'n' 13-maydag'I' O'zbekstan respublikasi'nda uli'wma worta bilimlendiriwdi sho'lkemlestiriw haqqi'ndag'I' 203-sanli' qarari' ayri'qsha atap wo'tildi.

Bul jumi'sqa tiykari'nan alg'anda aktiv ha'm janku'yer mug'allimlerdin' tikkeley ja'lp yetiw za'ru'r. Sebebi wolardi'n' ko'p ji'lli'q ta'jiriybesine tiykarlang'an halda bul hujjetlerdin' joybarlari' islep shi'g'I'ldi' ha'm wog'an tiykarlani'p woqi'w bag'darlamalari' jarati'ldi'. A'lbette, ta'jiriybe si'nawsi'z jarati'lg'an ha'r bir hu'jjet buri'ng'I' sovet dizimindegi si'yaqli' joqari'dan jasalg'an yamasa joqari'da tu'sirilgen kerek yemes qag'azg'a aylani'p qali'wi' da mu'mkin. Sol sebepli respublika boyi'nsha ha'r bir walayat ha'r qi'yli' topardag'I' mekteplerinde belgili bir pa'nler boyi'nsha ta'jiriybe – si'naw maydanshalari' sho'lkemlestirildi. Ha'r bir sherekte pa'nler boyi'nsha jarati'lg'an standart ha'm woqi'w bag'darlamalari' woqi'wshi'lardi'n' wo'zlestiriw da'rejesinin' monitoringi ali'p bari'ldi'. Toplang'an ji'lli'q

na’tiyjeler tiykari’nda standartlardi’n’ joybarlari’ jetilistirildi, Wa’zirler kabinetinin’ 1999-ji’l 16- avgusti’ndag’I’ 390-sanli’ arnawli’ qarari’ menen tasti’yi’qlandi’ (Juraev, 2002, 5-6 b).

A’lbette wo’z gezeginde kadrlardi’ tayarlawdi’n’ milliy bag’darlamasi’ni’n’ talaplari’na juwap beriwshi u’zliksiz bilimlendiriw sistemasi’ ushi’n woqi’w sabaqlardi’n’ jan’a a’wladi’n jarati’w talap yetilmekte. Bul ku’nge kelip, buri’ng’I’ du’zilgen sabaqlardi’n’ ba’rshesi go’nerip qalg’anli’g’I’n da atap ko’rsetiwimiz za’ru’r. Sol si’yaqli’ bul ma’selede baslawi’sh bilimlendiriw sabaqli’qlari’n da jetilistiriw ma’seleleri de ku’n tartibinde turg’anli’qlari’n yeskertip wo’tiwimiz za’ru’r. Buni’n’ tiykarg’I’ sebebi udayi’ wo’zgerip woti’rg’an da’wirde, woqi’wshi’lardi’ turmi’s penen jumi’sqa tayarlawg’a bag’darlang’an woqi’ti’w mazmuni’, usi’llari’ menen formalari’n jan’alandi’ri’p bari’lmag’ansha, woqi’w woqi’nlari’n qayta quri’p, kadrlardi’ tayarlawdi’n’ milliy bag’darlamasi’ aldi’nda turg’an wazi’ypalardi’ sheshiw mu’mkin bolmay qalatug’I’nli’g’I’nda atap wo’tiwimiz wori’nli’ (J.Yuldashev, 1999, 2-3 b).

### 3.5. Jan’a woqi’w rejeleri haqqi’nda

Ilimnin’ rawajlani’wi’, bilim, adamgershilik ideologiyali’q kunli’li’qlardi’n’ wo’siwi, ta’rbiya ha’m bilimdi basqari’w mexanizmleri haqqi’ndag’I’ tu’siniklerdin’ teren’lesiwi sebepli woqi’w rejelerin qayta ko’rip shi’g’I’w za’ru’rliklerinin’ ju’zege kelgenliklerin de ko’rsetiwimiz za’ru’r.

Sondayaq – aq uli’wma worta bilim beriwdin’ bazali’q woqi’w rejelerinde ja’miyettin’ rawajlani’wi’, woni’n’ siyasiy koncepciyasi’n atap wo’tiw menen birlikte, bilimlendiriw sistemasi’nda demokratiyalasti’ri’w menen gumanizaciyalasti’ri’w ma’selelerine de ken’ wori’n aji’rati’lg’an (J. Yuldashev, 1999, 2-3 b).

Jan’a du’zilgen woqi’w rejelerinde ja’miyet penen ma’mlekettin’ talaplari’n, ma’deniy, milliy ha’m jergilikli mu’ta’jliklerdi qanaatlandi’ri’w ma’seleleri de yesapqa ali’ng’an.

A’sirese sabaqli’q ha’m woqi’w qollanbalarda terminologiyali’q priciplik, bir ma’nilikke yerisiw kerek. Buni’n’ tiykarg’I’ sebebi:

-birinshiden sabaqli’q ha’m woqi’w qollanbalari’nda ilimnin’ yerisken juwmaqlawshi’ na’tiyjelerin ani’q sa’wlelendiriw za’ru’r. Bul so’z gezeginde bizge woni’n’ a’meliyatqa ta’sirinin’ xarakterin ko’rsete ali’wi’mi’zg’a imkaniyatlardi’ jaratadi’.

-yekinshiden sabaqli’q ha’m woqi’w qollanbalarda qollani’lg’an ana tilimizdin’ joqari’ da’rejedegi u’lgilerin ko’rsete ali’w uqi’bi’na iye bolg’an ali’mlar ta’repinen jarati’ladi’.

Uli’wma aytqanda mektep sabaqli’qlari’ni’n’ tili ani’q, woqi’g’anda tu’sinikli ha’m de a’piwayi’ bolg’an jag’dayda g’ana bul sabaqli’qlar woqi’wshi’lardi’n’ su’yikli kitabi’na aylani’wi’ mu’mkin. Bul jag’dayda du’zilgen bunday sabaqli’qlar woqi’wshi’lardi’n’ yekinshi mug’allimine aylanatug’I’nli’g’I’ so’zsiz. Yamasa basqasha so’z benen aytqanda sabaqli’q woqi’wshi’lardi’n’ yekinshi bilim deregine aylanadi’. (J. Yuldashev. 1999, 2-3 b).

## Juwmaqlaw

Kadrlardi’ tayarlawdi’n’ milliy bag’darlamasi’ boyi’nsha belgilengen wazi’ypalardi’ wori’nlaw bari’si’nda bir qatar a’meliy na’tiyjelerdin’ iske asi’ri’li’wi’ ku’tiledi. Solardi’n’ ishinde ilim ha’m pa’nnin’ jedel rawajlani’wi’ na’tiyjesinde ekonomikali’q rawajlang’an ja’miyet du’ziledi. Bul ja’miyet rawajlang’an ma’mleketlerinin’ iliminin’ integreciyalani’wlari’ arqali’ iske asadi’ – dep ko’rsetedi. (Yuldashev J. 1999, 4-5 b)

Wolay bolatug’I’n bolsa xali’q bilimlendiriw sistemasi’na duniya juzlik woqi’ti’w texnologiyalari’ni’n’ son’g’I’ jetiskenliklerin yendiriw – usi’ ku’nnin’ tiykarg’I’ ha’m worayli’q ilajlari’ni’n’ biri boli’p yesaplanadi’. A’lbette bunday tu’rdegi texnologiyalardi’ baslawi’sh bilimlendiriwden baslanatug’I’nli’g’I’na hesh qanday gu’man tuwi’lmaydi’. Demek baslawi’sh bilimlendiriwde ha’zirden baslap bul ma’selelerge tayarli’q ko’riwimiz za’ru’r. Sol sebepli baslawi’sh bilimlendiriwdegi birinshi baslawi’sh klass matematika sabaqli’qlari’ni’n’ tekstlerin ha’zirgi zaman kvantitativlik, injenerlik ha’m matematikali’q lingvistika metodlari’n paydalani’p, arnawli’ izertlew jumi’slari’n ali’p bardi’q. Bul izertlewlerdi to’mendegi na’tiyjelerdin’ ali’wi’na yerisildi.

-birinshi ma’rte baslawi’sh klass matematika sabaqli’g’I’ni’n’ alfavitli – jiyilik so’zligi du’zildi;

- bul sabaqli’qti’n’ leksikali’q – statistikali’q du’zilisi u’yrenildi;

- baslawi’sh bilimlendiriwdin’ kompyuterlik xori’n du’ziwde da’slepki adi’m jasaldi’;

- sabaqli’qta ushi’rasatug’I’n kemshilikler ko’rsetiliw arqali’ wolardi’ saplarti’ri’w jollari’ izlendi ha’m konkret usi’ni’slar kiritildi;

- mug’allim ha’m woqi’wshi’ arasi’ndag’I’ kommunikaciyali’q baylani’slardi’n’ jetilidtiriw jollari’ belgilendi.

Joqari’dag’I’ ati’ atalg’an na’tiyjelerge iye bolmasaq, wonda jan’a a’wlad sabaqli’qlari’n jarati’w mu’mkinshiliklerine iye bola almaymi’z. Uli’wma aytqanda bunday tu’rdegi sabaqli’qlar wo’z woqi’wshi’lari’na ta’sir ku’shine iye boli’wlari’ lazi’m. Yegerde bunday sabaqli’qlar jas wo’zpirimlerge

ta’sir ko’rsete almasa, wolardi’n’ woqi’wg’a degen qi’zi’g’I’wshi’li’qlari’ barg’an sayi’n pa’seyip baradi’. Bunday tu’rdegi ta’sirler qatari’nda woqi’wshi’lardi’n’ sabaqli’qlardag’I’ gezlesken bazi’ bir so’z yamasa so’z formalari’ni’n’ qabi’l yetiw mu’mkinshiliklerine iye bolmaw jag’daylari’ mi’sal bola baslaydi’. Tek g’ana sabaqli’qta gezlesken bes yamasa 6 so’z formalari’ni’n’ woqi’wshi’lar ta’repinen qabi’l yetiw mu’mkinshiliklerine iye bolmawdi’n’ wo’zi, wolardi’n’ bu’tin bir pa’nden u’lgeriwshiliktin’ keskin to’menlewine ali’p keledi. Soni’n’ ushi’nda ba’rshe baslawi’sh klass sabaqli’qlari’n tekstlerinin’ lingvistikali’q – informaciyali’q du’zip ali’wi’mi’z, wonnan keyin wondag’I’ ushi’rasqan ba’rshe leksikali’q – birliklerdin’ jas wo’spirimler ta’repinen qabi’l yete alatug’I’nli’qlari’ yamasa qabi’l yete almaytug’I’nli’qlari’ haqqi’ndag’I’ jag’daylarg’a ani’qli’q kirgiziwimiz za’ru’r.

Bizlerdin’ ekperimental – si’naw jumi’slari’mi’zdi’n’ na’tiyjelerine qarag’anda joqarg’I’ klasslardi’n’ sabaqli’qlari’ni’n’ tekstlerindegi qollani’p ketkenligi ani’qlang’an. Ju’zege kelgen bunday jag’day jas wo’spirimlerdin’ pa’nlerdi wo’zlestiriw qi’yi’nshi’li’qlari’n ju’zege keltiretug’I’nli’qlari’ so’zsiz.

2030-2040 ji’llar arali’g’I’nda ja’miyetimiz toli’g’I’ menen informaciyali’q – texnologiyalar da’wirine wo’tetug’I’nli’qlari’ ku’tilmekte. Bul demek so’z bilimlerdiriw salasi’n toli’g’I’ menen elektron sabaqli’qlari’ menen almasi’wlari’ ju’zege keledi degen ma’nini an’latadi’.

Demek informaciyali’q – texnologiyalar da’wirine maslasqan jan’a a’wladtag’I’ sabaqli’qlardi’ jarati’wi’mi’z ha’zirgi ku’nnin’ ahmiyetli ma’selelerinin’ biri boli’p qalmaqta.

A’debiyatlar

1. I.A.Karimov. O’zbekiston XXI asrga intilmoqda. Toshkent, O’zbekiston, 2000, 30-bet.

2. I.A.Karimov. Barkamol avlod orzusi. Toshkent, “Sharq” 1999, 26-27-bet

3. I.A.Karimov. Barkamol avlod O’zbekiston taraqqiyotining poydevori. Toshkent, “Sharq” 1998, 5-8, 46-47-bet.

4. Abdikerimov B. ha’m basqalar. Terminologiyaliq so’zdikterdin’ kompyuterlik qori’ офэту woni’n’ paydalani’wdi’n’ keleshegi. “Qazaq tilinin’ kompyuterlik qori’” Almati’, 1992, 9-12 bet.

5. Аглаева Ю., Ризаева С.А., Рузиқулов Е.Опиьт Лингвистического исследования лексикий. Учебника испанского языка В кн: Материал семинара: «Статистическая оптимизация преподования языков и инженерная Лингвистика». Чиьмкент. Саст- И, изд-ба ЧРИ.С.144.

6. Айымбетов М.К. Квантитативная типология тюпкского текста. Нукус: “Илим”, 2002, 63 s.

7. Ayi’mbetov M.K. Lingvistikali’q informatikani’n’ semiotikali’ tiykarlari’. No’kis: NMPI, 2013, 44 b.

8. Ayi’mbetov M.K. Milliy da’stu’rdi’n’ strategiyali’q bag’darlari’ haqqi’ndag’I’ bazi’ bir ma’seleler. No’kis: “Bilim”, 2013, 27 b.

9. Ayi’mbetov M.K. Ana tilde woqi’ti’wdi’n’ a’hmiyetli ma’seleleri. No’kis: NMPI, 213, 34 b.

10. Айымбетов М.К. Каракалпакская терминология в двадсатом веке. Нукус: “Илим”, 23 с.

11.Алдабергенов К., Белботаев А. Статистическое исследование морфологическоу структури иноязичних слов вошедших в произведения М.Ауезова через русский язык. ВК.: Материяли семинара « Статистическая оптимизация преподавания язиков и инженерная преподавания язиков и инженерная лингвистика» Чимкент Част И изд-во ШРИ. 1980, стр. 149.

12. Ari’sbaev A. ja’ne basqalar. A’lipbe woqi’wli’g’I’ni’n’ morfologiyali’q quri’li’mi’na lingvostatistikali’q tan’daw. V kl. «Статистическая оптимизация преподавания языков Икомпютеризпця обученя» Минск, 1990, част – II, стр. 210.

13. Ахабаев А.А., Бектаев К.Б.Ининиси текста И их характеристики. (Tekst edinicalari’ ja’ne wolardi’n’ si’pattamalari’). – V kl. Статистика казахского текста. Алма-ата Наўка 1973, стр, 23-49.

14. Бектаев К.Б., Пиотровский Р.Г.Математическая статистика И моделирование текста. Учебное пособие. Алма-ата. Изд. КазГУ, 1974. 312-стр.

15. Бектаев К.Б., Пиотровский Р.Г Проблеми автоматической переработки текста И лингвистических аспектов искусственного интеллекта, их рол в созданий нормативных Грамматик тюркских языков.Вопросы собетской тюпкологий. Тезиси докладов И сообшений. Ашхобат. 1985, 47-48 стр.

16. Бенвенист Е. Обшаяа лингвистика. Перевод с французкого. Под редакцией, с вступителной статей и комментарием Ю.С.Степанова-М.Прогресс. 1974, 447-стр.

17. Boshlang’ich talim. 1999, 6-noyabr – dekabr.

18. Винтман и др. Построенийе словарной статй в целях конпютерного обучения. V кл. Проблеме компютеризаций процессе преподавания иностранных язикоб. Уляновск. 1986. Стр 17.

19. И.Джунисбеков А.Статистика речи и некоторие противоречияв орфографических правилах казахского язика. V кл Материяли семинара. «. Materiyali seminara. «Статистическая оптимизация преподования языков и инженерная лингвистика». Чимкент. Саст- И, изд-ба ЧРИ.1980. стр 195.

20. Juraev R. Vaqt – hayol kabi uchqur. “Boshlang’ich ta’lim” jurnali’, Tashkent, N3,2002, 5-6 bet.

21. Зеленчиков А.В. и др. Языкобие игри на компютере. V кл. Статистическая оптимизация преподования языков и компютеризация обучения».Минск, 1990, Част II, изд-во ШПИ, 90 с.

22. Kadrlar tayarlawdi’n’, milliy bag’darlamasi’. No’kis, “Qaraqalpaqstan”, 2000, 22-bet.

23. Калинин В.М.Некоторие статисчестика закони математической лингвистики. В кН.: Проблеми кибернетики, вип. М.:Наука, 1964, 28-38 стр.

24. Лесохин М.М., Лукяненков К.Ф., пиотровский Р.Н. Введение в математическую лингвистики. Лингвистическую приложение основ математики. Минск. Наука и техника. 1982, 263 с.

25. Махмудов М.А., Пиотровская А.А., Садиков Т. Система машинного анализа И синтеза тюрской словоформи. В кл.: Переработка таскта методами инженерной лингвистики. В кл Тезиси докладов конференсии. Минск, 1982, 49-50 стр.

26. Методи автоматического анализа И синтеза.(Пиотровский Р.Г.И др) Минск, Вишейшая школа.1985, 222 стр.

27. Молдавекова К.М. квантитативная динамика формирования грамматической системи младших школников. IV кл. Материали семинара «Статистическая оптимизахия преподавания язиков компютеризац»ия обучение».Минск.1990, Част II, изд-воЧПИ, 62 с.

28. Молдавекова К.М. квантитативная динамика формирования грамматической системи младших школников. IV кл. Материали семинара «Статистическая оптимизахия преподавания язиков и инженерная лингвистика» Чимкент, 1980, Част И, изд-воЧПИ, 265стр.

29. Молдабеков К.М.,Улжабаева М.У., Кенеева И., Белесов А.Н., Рахимбеков Д. Лингвистическое исследование динамики обогошения словаря младших школников. Вк.: Материали семинара. «Статисрическая оптимизасия преподаванийт язиков И компютеризация обучения» Минск, 1990,Част II, изд-во ЧПИ, 64 с.

30. Насиров Д., Айымбетов М.О статистике фонем каракалпакского язика. В кн.: Материали семинара. «Статистическая оптимизасия преподавания языков И инженерная лингвистика Чимкент, 1980,Част И, исд-во ЧПИ. 273 стр.

31. Пиотровсий Р.Г., Бектанев К.Б., Поитровская А.А Математическая лингвистика Учебное пособие для désинститутов. М.Висшая школа 1977, 383 стр.

32. Семенов А.Л. Толковий терминологический словар как база знании. В кл. «Статистическая оптимизасия преподавания язиков И компютеризация обушения» Минск,1990, Част II, изд-во ЧПИ, 68 стр.